

# Norwood Public Schools

## Liv Gid Elèv Elemantè



Diane Ferreira, Direktris Balch School  
Scarlett Grandt, Direktris Callahan School  
Kerry Hutchins, Direktè Cleveland School  
Steven Olsen, Direktè Oldham School  
Bryan Riley, Direktè Prescott School  
Michael Baulier, Willett Direktè Early Childhood/Little Mustangs Preschool Academy



Septanm 2022

Chè Fanmi Elemantè yo,

Nou kontan anpil pou diw byenvini epi deskew retounen pou ane lekòl 2022-2023 a!

Dènye ane ki sot pase yo se te yon defi pou tout moun, men nap sòti nan pandemi a ki fè nou yon ekip elemantè tèt ansanm epi solid! Pwofesè nou yo, èdan ak pèsònèl nou yo pral kontinye bay priyorite pou bati relasyon ki fè sans ak timoun yo epi ba yo kapasite ak konesans yo bezwen pou yo alèz epi reyisi. Pandan tan ane sa a, nou pral kontinye asire ke chak manm lan chak kominote lekòl nou yo santi ke yo tande yo, ke yo ba yo valè epi ke yo fè pati kominote mayifik Norwood Public Schools nou an.

Siw ta gen nenpòt kesyon, nap ankouraje ou pou kontakte pwofesè pitit ou a oswa bilding pwensipal la. Pase yon trè bon lane!

Mwen swete nou byen,


*Diane Ferreira, Balch School*

*Scarlett Grandt, Callahan School*

*Kerry Hutchins, Cleveland School*

*Steven Olsen, Oldham School*

*Bryan Riley, Prescott School Michael Baulier, Willett Early Childhood Center and Little Mustangs Academy*



## NORWOOD PUBLIC SCHOOLS

ADMINISTRATIVE OFFICES • JAMES R. SAVAGE EDUCATIONAL CENTER

P.O. BOX 67 • 275 PROSPECT STREET, NORWOOD, MA 02062

TEL (781) 762-6804 Ext. 5819

FAX (781) 762-0229

VOICE/TTY - Use Phone Relay



**DAVID L. THOMSON, Ed.D.**

Superintendent of Schools

**ALEXANDER WYETH, Ed.D.**

Assistant Superintendent for Curriculum,  
Instruction & Assessment

Jwen 2022

Chè Fanmi,

Se yon plezi pou mwen pou di nou byenvini lan Norwood Public Schools pou ane lekòl 2022-2023 a. Nou paka tann pou nou bay elèv nou yo bon kalite edikasyon. Nou pral kontinye apiye sou ansèyman ane pase yo ki konsène pratik ansèyman ki reponn kiltirèlman pou amelyore epi pèsonalize aprantisaj pitit ou a. Norwood Public Schools ap kontinye angaje li pou bay chak elèv yon edikasyon konpreyansif epi ak nouvote nan yon anviwònman enklizif, an sekirite, epi ak sipò. Deklarasyon misyon sa a pran yon nouvo sans kòm travay pou akselere aprantisaj pou konpanse pou kèk ane pase difisil yo. Yo bay Liv Gid sa a pou yo ka si ke chak elèv ak fanmi li gen tout konesans epi aksè pou règleman, atant, ak pwosedi chak jou yo pou asire siksè lan Norwood Public Schools. Alò, li esansyèl pou nou gade dokiman sa ansanm, epi si nou ta jwenn nenpòt kesyon oswa enkyetid, tanpri asire ke nou kontakte administrasyon lan lekòl pitit nou an.

Nou gen chans ke nou gen sipò gwo kominote sa a pandan ke nap travay pou ankouraje grandisman elèv ou an alafwa pèsònèlman kòm moun epi akademikman. Poto mitan efò sa a se kominikasyon ant lakay la ak lekòl la ki kreye yon patenarya ki konsantre sou asire yon ane ak siksè.

Sensèman,

David L. Thomson, Ed.D

Superintendent of Schools (Sipè Entandan Lekòl yo)

# Tab dè Matyè

## Kondisyon pou Admisyon ak Antre Lekòl

Kondisyon Laj pou Admisyon	7
Depistaj Jaden Danfan	7
Depistaj Lekòl Matènèl	7
Dosye Elèv yo	7
Vizite/Volontè nan Lekòl la	8

## Ansèyman Elemantè

Pwogram Edikasyon Elemantè	9
Devwa	9
Seksyon 504	10
Sistèm Sipò Plizyè Nivo (MTSS)	10
Ekip Sipò Elèv (SST)	11
Règleman Pwomosyon	11
Kanè Nòt	12
Sistèm Enfòmasyon Aspen	12
Tès	12
Teknoloji Elemantè	13

## Lavi Elèv Chak Jou

Jounen/Lè Lekòl	14
Lekòl Lage	14
Règ Abiman	14
Aparèy Telefòn Selilè/Elektwonik	15
Egzèsis Ijans	15
Mesaj/Telefòn	15
Lakou Rekreyasyon	15
Pèdi ak Jwenn	16
Vizit Andeyò	16
Lajan Manje Midi ak Lèt	16
Enfòmasyon Lè Pa Gen Lekòl	17
PTA/PTO's	17

## Pwogram ak Pèsonèl Elemantè

Atizay	18
Pwogram Jounen Pwolonje	18
Pwofesè Pwensipal	18
Sante/Byennèt	18
Bibliyotèk	19
Espesyalis Lekti	19
Entèvansyonis	19

Mizik	19
Règleman Pèfòmans Prezans	19
Psikològ	19
Konseye Ajisteman Lekòl (SAC)	20
Espesyalis Pale ak Langaj	20
Tit I	20
Aprenè Lang Angle (EL)	20
<b>Disiplin Elemantè</b>	
Filozofi Disiplin Elemantè	22
Atant Kominote yo	22
Sistèm Sipò	22
Konsekans/Egzanp Konpòtman	23
Pwosedè Nòminal	24
Kategori Ranvwa	24
Sispansyon	25
Pwosedè Sispansyon	26
Atant Transpò/Otobis	28
Disiplin pou Elèv ak Andikap	29
<b>Sèvis Sante</b>	
Maladi, Premye Sekou ak Ijans	33
Jesyon Medikaman Preskri ak San Preskripsyon	33
Egzamen Medikal	33
Dosye Medikal	34
Règleman Byennèt	34
<b>Kèk Règleman ak Lwa</b>	
Règleman Pwezans Lekòl 36	
Règleman Itilizasyon Responsab	37
Lwa Ameriken ak Andikap (ADA)	37
Règleman Entèdiksyon ak Prevansyon Brimad	38
Abi ak Neglijans sou Timoun	39
Kondisyon CORI	40
Espas Travay San Dwòg	40
Pwosedè Fèmti Lekòl an Ijans	40
Lwa sou Dwa Edikasyon ak Vi Prive (FERPA)	41
Hazing (Brimad Inisyasyon)	41
Lwa Refòm Edikasyon Massachusetts 1993	42
Lwa Avètisman Paran	42
Diskriminasyon ak Pèsekisyon	42
Rekreyasyon	44
Zam	44
Responsablite pou Paran ki Pa Gen Gad Resevwa Dosye Elèv	45



## KONDISYON POU ADMISYON AK ANTRE LEKÒL

### KONDISYON LAJ POU ADMISYON

Kondisyon pou laj enskripsyon yo se:

Pwogram Edikasyon Espesyal - Laj pou elèv Edikasyon Espesyal yo antre se twa (3) zan. (Gade Chapit 766, seksyon 310). Elèv ki pa gen andikap yo kap enskri lan pwogram Matènèl Entegre a kòm wòl model kanmarad dwe gen twa (3) zan le 31 Out oswa avan sa.

Jaden Danfan - Timoun ke yo aksepte lan Jaden Danfan dwe gen senk (5) an le 31 Out oswa avan sa lan ane lekòl ke yap antre a.

Premye Ane - Timoun ke yo aksepte lan premye ane dwe gen sis lane laj le 31 Out oswa avan sa lan ane lekòl ke yap antre a. Gen eksepsyon ki egziste pou elèv sa yo kap transfere soti andeyò vil la epi yo dwe bay prèv satisfèzan ke yo te enskri regilyèman yon lòt kote.

### SELEKSYON JADEN DANFAN

Depistaj Jaden Danfan se yon pwosesis ke lalwa egzije. Lan pwentan anvan ane lekòl yon elèv, nou fè kelke evalyasyon ki egzamine kèk kapasite de baz pou tout timoun. Pwosesis depistaj la fèt pou idantifye timoun ki ka bezwen sèvis entèkansyon tankou Aprene Lang Angle (English Language Learner) nan sipò pou lekti. Sa vle di tou pou idantifye elèv yo ki taka bezwen depistaj anplis pou ede sipòte avansman yo lan domèn mobilite fen (itilizasyon misk men, dwèt, ponyèt), mobilite gwo (itilizasyon gow misk, janm, elatriye) ak lapawòl epi langaj. Done ki soti lan depistaj sa a bay de enfòmasyon de baz enpòtan lè nap swiv pwogrè elèv pandan otòn ak ane akademik lan. Elèv yo kap enskri pou jadendanfan pandan mwa ete yo yap fè depistaj pou yo an Septanm. Yap avèti paran yo si gen okenn evalyasyon anplis ke yo rekòmande apre depistaj jadendanfan an.

### DEPISTAJ LEKÒL MATÈNÈL

Dapre règleman Edikasyon Espesyal Massachusetts yo, Little Mustangs Preschool Academy ofri depistaj lekòl matènèl pou timoun ki gen laj ant 3 ak 5 an. Pwosesis depistaj la fèt nan yon premye etap pou idantifye timoun ke yo gen pou refere pou yon evalyasyon pi detaye epi ki kapab bezwen sèvis edikasyon espesyal lan ane lekòl matènèl yo. Yo fè depistaj pou timoun yo lan domèn devlopman ki apre yo: lapawòl ak langaj, atikilasyon, konsèp pre-akademik/mantal, mobilite vizyèl fen/gwo, ak devlopman sosyal. Kontakte Little Mustangs Preschool Academy pou plis enfòmasyon.

### DOSYE ELÈV

Yon dosye elèv konplè disponib pou paran/gadyen yo egzamine. Si yon paran swete fè sa, li kapab mande yon randevou lan biwo direktè a. Kopi dosye elèv yo pral disponib, men, yo ka chaje yon ti frè pou fotokopi yo.

Dosye sa yo fèt pou yo se yon koleksyon done sou pitit ou a epi li gen ladan yo enfòmasyon sante, nòt tès estanda, rapò konferans, ak nenpòt lòt enfòmasyon itil pou ede elèv la pandan li lekòl. Dosye elèv yo plase lan chak bilding nan yon kote an sekirite.

Dapre Règleman Dosye Elèv Massachusetts yo, lè yon elèv ap transfere lan yon nouvo lekòl, direktè a ka voye "dosye lekòl konplè" a san konsantman davans paran yo. Si pitit ou a ap transfere lan yon nouvo lekòl, kelkeswa andedan oswa deyò Norwood, dosye lekòl konplè li pral voye bay nouvo lekòl la, ak ladan li men pa sèlman, dosye disiplin, relve nòt, dosye sante, ak nenpòt dosye Edikasyon Espesyal.

### **VIZITÈ/VOLONTÈ NAN LEKÒL**

Paran ak gadyen yo kapab vizite lekòl la pandan jounen lekòl la. Paran ak gadyen yo ta dwe rele avan vizit la epi fè yon randevou ak pwofesè a pou yon lè ki pi bon pou tou lè de. Avan ou kòmanse vizit ou a, pase lan biwo pwensipal la epi siyen lis Vizitè/Volontè a ak non ou epi kote wap vizite a. Yap bay yon lese-pase vizitè ke ou bije gen sou ou pandan ou lan biliding lekòl la yo ak teren lekòl la yo.



## ANSÈYMAN ELEMANTÈ

### PWOGRAM EDIKASYON ELEMANTÈ

Pwogram edikasyon Norwood Public Schools (NPS) pou elèv K-5 (matènèl rive 5yèm ane) yo koresponn ak Liy Kad lan Atizay Massachusetts yo, Atizay Lang Angle ak Literaty, Devlopman Lang Angle, Sante, Istwa ak Syans Sosyal, Matematik, epi Enjenyèri Syans Teknoloji. Pou plis enfòmasyon sou liy gid eta sa yo [ale la a](#). Amezi ke eta a ap mete liy gid li yo ajou, NPS ap kreye de komite pou egzamine epi mete ajou pwogram li yo. Pwosesis sa a gen sipò bidjè anyèl distrik la pou renouvèlman pwogram edikasyon an. Rezime Pwogram Edikasyon K-5 nou yo afiche lan sit entènèt nou an [isit la](#). Pwogram dinamik bibliyotèk media nou an sipòte pwogram edikasyon debaz nou an nan plizyè jan.

Nou sèvi ak [Open Circle](#) (Sèk Louvri) pou pwogram sosyo-emosyonèl nou an. Leson Pwogram Edikasyon Open Circle yo kouvri de sijè tankou koute, kalme, pale, jere anbetman, rekonèt diskriminasyon, montre kew fache yon fason kòrèk, rive nan yon antant, epi pwosesis sis-etap pou rezoud-pwoblèm. Yo anseye leson sa yo chak semèn pou 15 rive 30 minit pandan ane lekòl la nan kontèks yon reyinyon klas ke yo rele Open Circle. Pwogram edikasyon an pwezante yon seri konsèp konsistan atravè tout klas yo, epi konsèp esansyèl sa a yo eksplore yo an pwofondè epi ranfòse amezi ke elèv yo ap avanse ane apre ane, ap bati yon vokabilè komen ki pataje lan tout kominote lekòl la. Yo pral voye tanzantan pa elèv yo Enfòmasyon ak aktivite ki enplike paran yo.

### DEVWA

Lan yon fason apwopriye pou devlopman, devwa a fèt pou kontinye pwosesis aprantisaj la lè li se yon defi pou chak timoun pou li etidye poukont li amezi ke lap grandi nan laj. Li bay yon pwolongasyon aktivite yo ke elèv la te konmanse lan klas la anba gidans ak direksyon pwofesè yo. Tanzantan elèv jadendanfan yo ap resevwa yon aktivite ki pou ede ranfòse konsèp oswa kapasite yo men se pa yon bagay ki fèt regilyèman nan laj sa a.

Pwofesè a pral

- Planifye ak swen jan lap bay devwa yo;
- Esplike epi montre elèv lan klas yo kisa ke chak devwa gen ladan li; egzamine,
- Koriye, epi retounen chak devwa pou ke elèv la konnen sou kisa lap travay epi kijan pou li amelyore
- Enfòme paran yo vit si devwa yo pa fini kòrèkteman.

Paran/gadyen yon timoun ta dwe

- Ede elèv la devlope bon abitud etidye lakay li lè yo mete sou kote yon peryòd tan apwopriye
- Montre enterè lan ak volonte pou ede pitit yo a lan devwa yo
- Bay yon bon espas pou etidye; ede elèv yo fè bidjè tan ant devwa tèm long ak devwa tèm kout yo
- Ankouraje pitit yo a pou li chèche èd pèsònèl lan men pwofesè yo lè devwa yo difisil.

Elèv yo ta dwe

- Anrejistre devwa li nan kaye pwogram li oswa nenpòt jan
- Fè efò chak jou pou fini devwa li
- Travay ak paran yo epi pwofesè a pou òganize materyèl yo ak jere tan li

## **SEKSYON 504**

Yo bay akomodasyon 504 pou tout elèv ke yo jwenn ki gen difikilte fizik oswa mantal ki limite seryezman nan youn oswa plis aktivite enpòtan nan lavi yo (gen ladan li aprann). Lekòl la gen pou responsablite pou li idantifye, evalye, epi, si timoun lan detèmine kòm kalifye dapre Seksyon 504, pou li resevwa aksè nan sèvis edikasyon apwopriye yo. Elèv ke yo detèmine ki andikape dapre seksyon 504 mande yon repons nan men pèsonèl edikasyon regilye (jeneral) la nan pwogram edikasyon jeneral la. Yon ekip moun ki gen konesans sou elèv la (gen ladan li paran/gadyen yo) ap egzamine nati andikap elèv la pou detèmine si oswa kijan andikap la afekte edikasyon elèv la epi detèmine ki akomodasyon avèk/oswa sèvis sa mande. Yo ofri yon varyete akomodasyon ak sèvis dapre Plan Akomodasyon 504 yo; ke yo dokimante epi revize tanzantan. Ofisye an Chèf pou Konfòmite a se Kowòdinatè 504 pou distrik la.

## **SISTÈM SIPÒ PLIZYÈ NIVO**

Dapre Lwa Tout Elèv ap Reyisi (Every Student Succeeds Act) (ESSA, 2015), yon sistèm sipò plizyè nivo se "yon kontinyasyon konpreyansif baze sou prèv, pratik sistemik pou sipòte yon repons rapid pou bezwen elèv yo, ak obsèvasyon regilye pou fasilite pran desizyon enstriksyon baze sou done". Harlacher et al. (2014) dekri sis pwensip lan liy gid MTSS la:

- Tout elèv yo kapab aprann lan nivo klas yo ak sipò kòrèk la.
- MTSS gen rasin li nan proaktivite ak prevansyon.
- Sistèm lan sèvi ak pratik baze sou prèv.
- Desizyon ak pwosedi yo gide pa lekòl ak done sou elèv.
- Nivo sipò ke yo bay elèv yo baze sou bezwen yo.
- Aplikasyon fèt lan tout lekòl la epi mande kolaborasyon pati ki enterese yo.

### **Nivo Etap pou Sipò**

Lan modèl MTSS la, yo bay tout elèv sipò inivèsèl (Etap En) tankou pwogram edikasyon ak gwo kalite, etidye inivèsèlman, kontinyab kiltirèlman, epi baze sou prèv, enstriksyon, epi evalyasyon.

Deplasman andedan twa etap sa yo fasil epi yo pa detèmine oswa defini pa deziyasyon espesifik, tankou andikap dyagnostik. Olye sa, depasman yo sipòte pa done ki soti lan depistaj inivèsèl, evalyasyon dyagnostik, kontwòl pwogrè, ak kijan yon elèv reponn lan yon nivo entèvansyon.

MTSS bay yon kontinyete sipò, ki kreye tipikman atravè twa nivo kap ogmante entansite (Rodriguez, Loman & Borgmeier, 2016). Etap sa yo reprezante nivo sipò yon elèv ka bezwen lan nenpòt moman pandan li lekòl.

Nenpòt ak tout elèv yo ta dwe gen aksè lan sipò lè yo bezwen sa. Anplis, jwenn sèvis lan yon moman pa vle di ke elèv sa a pral tout tan bezwen nivo sipò sa a. Pwosesis MTSS la pou toujou tou dwat, men olye sa li oryante toutotou rezolisyon pwoblèm. Lè done yo sigjere ke elèv yo bezwen sipò pi oswa mwen entansif pou ede swa koreksyon swa anrichisman, yo pral deplase atravè etap la baze sou bezwen sa a. Anplis, lè yon elèv resevwa entèkansyon lan etap 2, sa pata dwe ranplase sipò etap 1 yo. Sipò sa yo fèt youn sou lòt. Anplis, elèv yo kapab deplase fasilman atravè sipò etap 1, 2, ak 3 jan yo bezwen an.

## **EKIP SIPÒ ELÈV**

Ekip Sipò Elèv la (SST) se yon ekip lan nivo lekòl ki sèvi pou bay pwofesè yo sipò lè elèv yo pap reyisi lan anviwònman klas la. Ekip Sipò Elèv la egziste pou sèvi kòm yon ekip rezolisyon pwoblèm pou tout kalite pwoblèm aprantisaj akademik, sosyal, ak emosyonèl. Manm ki lan Ekip Sipò Elèv la lan nivo elemantè a gen ladan yo Direktè a, yon Espesyalis Lekti, pwofesè nivo klas yo, Konseye Ajisteman an, ak de lòt pati ki kapab bay opinyon sou yon elèv an patikilye. . Alò ke paran yo pa la pou premye reyinyon SST sou yon elèv, yo pral envite yo pou patisipe lan pwosesis SST a lan reyinyon apre yo. Objektif Ekip Sipò Elèv la yo se:

- Prekansyon - Ekip Sipò Elèv la aksesib pou tout pèsònèl lekòl pou evite pwoblèm aprantisaj elèv yo oswa rezoud yo lè yap fèk kòmanse.
- Rezolisyon Pwoblèm - Ekip Sipò Elèv la pral aplike yon apwòch rezolisyon pwoblèm lè lap defini pwoblèm lan klèman, jwenn rasin lakòz yo epi idantifye bezwen elèv yo ki gen de difikilte. •
- Entèkansyon - Ekip Sipò Elèv la pral devlope epi ede pwofesè a lan aplike entèkansyon apwopriye yo, baze sou pwoblèm yo jwenn lan, epi pral swiv pwogrè pou evalye rezilta yo.

## **RÈGLEMAN PWOMOSYON**

**Nivo Elemantè** - Vitès aprantisaj elèv yo varye epi, dapre sa, kantite tan pou yo byen konnen pwogram edikasyon an pou yon nivo klas patikilye pral varye tou. Desizyon pou bay pwomosyon oswa kenbe yon elèv menm plas la dwe fèt dapre sak apre yo:

- A. Desizyon an pral baze sou sak pi bon pou chak timoun.
- B. Yo pral bay konsiderasyon pou devlopman entelektyèl, kapasite akademik, nivo reyalizasyon, ak matirite fizik/sosyal elèv la.
- C. Bezwen endividyèl yo pral detèmine epi yo pral devlope yon pwogram edikasyon pou satisfè bezwen sa yo.
- D. Plasman elèv se yon responsablite pataje pou pèsònèl pwofesyonèl la ak direktè a kap travay an kowoperasyon ak paran elèv yo.

### **Lan tout nivo Sistèm Lekòl la:**

- A. Kondisyon ak sikonstans pou kenbe/pwomosyon elèv yo ki lan Edikasyon Espesyal dwe desizyon yon Ekip Evalyasyon ki fèt dapre Règleman Depatman Edikasyon Eta yo.
- B. Nenpòt eksepsyon lan règleman pwomosyon an dwe fèt sèlman apre konsiderasyon ak swen epi otorizasyon direktè a, ke Sipè Entandan Lekòl yo gen dwa revize.

## KANÈ NÒT

Yo voye kanè nòt yo lakay yo pa elèv yo lan klas 1-5yèm ane twa fwa pa ane dapre orè ki apre a:

Tèm	Make Fèmen	Kanè Nòt Distribye
I	2 Desanm 2022	9 Desanm 2022
II	13 Mas 2023	18 Mas 2023
III	15 Jen 2023	Dènye Jou Lekòl

**Elèv JadenDanfan/LMPA yo resevwa de kanè nòt.**

Tèm	Make Fèmen	Kanè Nòt Distribye
I	20 Janvyè 2023	26 Janvyè 2023
II	15 Jen 2023	Dènye Jou Lekòl

## SISTÈM ENFÒMASYON ASPEN

Aspen se sistèm notasyon anliy ke Norwood Public Schools sèvi kounye a. Pwofesè yo pral afiche nòt elèv yo pandan ke trimès akademik la ap avanse. Tanpri sonje ke mwayèn nòt lan Aspen yo montre sèlman travay rive lan dat la, epi se pa nòt final yo. Rapò pwogrè ak kanè nòt yo pral afiche lan Aspen menm jou ke yap voye kopi sou papye a lakay ou. Tanpri vizite sit entènèt distrik la nan <http://www.norwood.k12.ma.us/> pou plis detay pou anrejistre pou Aspen, oswa senpleman pase nan biwo prensipal la.

## TÈS

Elèv elemantè yo resevwa yon varyete evalyasyon fòmèl epi enfòmèl pandan eksperyans lekòl yo a depi JadenDanfan rive nan 5yèm Ane.

Enfòmasyon ki apre yo rezime orè tès fòmèl ke yo pral fè lan tout lekòl elemantè yo.

### **Renaissance Flow 360**

Renaissance Flow 360 se yon zouti evalyasyon adaptab pou mezire kisa elèv yo konnen ak pòkò konnen lan ELA ak matematik. Rezilta yo sèvi pou bay plis sipò aprantisaj pèsonalize pou elèv sa yo. Nou fè evalyasyon sa a pandan Otòn, Ivè ak Pwentan pou nou kapab swiv pwogrè elèv la.

### **Developmental Reading Assessment (Evalyasyon Devlopman Lekti)**

Evalyasyon Devlopman Lekti a (DRA) se yon tès lekti estanda ki sèvi pou detèmine nivo enstriksyon yon elèv nan lekti. DRA a bay elèv yo endividyèlman pa pwofesè yo ak/oswa

espesyalis lekti yo. Elèv yo li yon seleksyon (oswa plizyè seleksyon) epi redi sa yo te li a pou egzaminatè a. Plis nivo a ap ogmante, konsa nivo difikilte a ogmante tou pou chak seleksyon. Nou fè DRA a pandan Otòn, Ivè ak Pwentan pou nou kapab swiv pwogrè elèv la.

### **Sistèm Evalyasyon Konpreyansif Massachusetts (MCAS)**

MCAS la se tès DESE obligatwa eta a. Li ede pwofesè yo, paran yo, ak elèv yo konnen lan kisa elèv yo pi bon epi ki kote yo bezwen èd. Elèv lan klas 3, 4 ak 5yèm ane pran MCAS lan nan ELA ak Matematik. Elèv ki lan 5yèm ane yo pran MCAS lan Syans tou. Yo fè MCAS pandan Pwentan. Ou ka sèvi ak lyen sa a pou jwenn enfòmasyon ajou regadan dat yap fè yo pou Pwentan 2021 an. <http://www.doe.mass.edu/mcas/cal.html>

### **Tès MCAS ak Prezans**

Nou apresye efò paran yo pou asire ke elèv yo byen prepare epi vin lekòl pandan peryòd tès MCAS nou yo. Prezans jwe yon wòl kle lan siksè jeneral lekòl nou an lan tès eta obligatwa sa yo, alò nou apresye anpil sipò lakay ou pou menen elèv ou yo lekòl.

### **TEKNOLOJI ELEMANTÈ**

Nan lekòl elemantè yo, teknoloji antre lan tout domèn pwogram edikasyon an. Chak klas edikasyon jeneral gen yon pwojektè kwoke sou mi an, yon tablo blan entèaktif ak yon kamera dokiman pou sipòte leson yap anseye lan sal klas la. Chak elèv elemantè gen pwòp òdinatè pòtab li pou li sèvi pandan tout ane akademik la.

## LAVI ELÈV CHAK JOU

### JOUNEN/LÈ LEKÒL

**LMPA: 8:30-11:00, 8:30-1:30, 12:00-2:30**

#### **Willet Early Childhood Center:**

7:55 am - Elèv yo ka rive sou pwopriyete a/sipèvizyon pwofesè kòmanse

8:10 am - Jounen lekòl kòmanse

1:40 pm - Lekòl kòmanse lage

#### **Lekòl 1ye-5yèm ane**

7:35 am- Elèv yo ka rive sou pwopriyete a/gen sipèvizyon pwofesè

7:45 am - Premye klòch sonnen - elèv ap antre lan bilding lan

7:50 am - Klòch reta - enstriksyon ap kòmanse

2:05 pm - Klòch lekòl lage sonnen

### LEKÒL LAGE

Lè lekòl lage yo mande timoun yo pou yo ale dirèkteman lakay yo lè yo soti lekòl la. Si paran yo swete fè nenpòt chanjman la pwogram chak jou pitit yo nan lekòl la tankou lage bonè pou yon randevou doktè, yo dwe voye yon nòt ke paran an siyen bay pwofesè a pou enfòm li sou chanjman sa a.

### RÈG ABIMAN

Responsablite pou abiman ak aparans elèv yo rete nan men chak elèv ak paran/gadyen yo.

Yo gen dwa pou detèmine kijan elèv la pral abiye depi ke rad yo pa destriktif pou pwopriyete lekòl la, respekte règleman pou sante ak sekirite, epi pa lakòz dezòd oswa deranjman. Administrasyon kenbe rezèv jijman epi otorize pou pran aksyon nan ka ke abiman de moun pa respekte kondisyon yo mande yo.

Yap definin rad ki pa kòrèk, men pa sèlman, kòm yon rad ki montre oswa ankouraje, ak foto oswa mo, nenpot langaj sal, endesan oswa ofansif; nenpòt pwodwi tabak oswa itilizasyon pwodwi tabak; nenpòt pwodwi alkolik oswa itilizasyon pwodwi alkolik; materyèl ki gen nati seksyèl ki klè oswa sipoze; nenpòt sibstans ki pa legal oswa itilizasyon sibstans ki pa legal; aksyon vyolans vre oswa sipoze; materyèl ki rezonableman kapab pouse pou oswa lakòz deranjman nan yon kontèks rasyal, relijye, etnik, oswa lòt kontèks.

Sa pa vle di ke gwoup elèv, pwofesè, oswa paran yo pa ka rekòmande abiman kòrèk pou lekòl oswa okazyon espesyal yo. Sa vle di ke yo pap anpeche elèv yo vini lekòl oswa lan yon seremoni lekòl, oswa sibi diskriminasyon, depi ke abiman yo ak aparans yo respekte kondisyon ki di anlè a.

## TELEFÒN SELILÈ AK APARÈY ELEKTWONIK

Tout telefòn selilè ak lòt aparèy elektwonik dwe etenn epi lan sak pou do yo epi yo pa gen dwa sèvi ak yo pandan jounen lekòl la san pèmasyon direktè a. Yo pral fè elèv yo sonje pou yo rantrè telefòn yo, si yo pa swiv règ la, yo ka konfiske telefòn yo. Si paran yo oblije kontakte pitit yo pandan jounen lekòl la pou yon bagay ijan, yo ka fè sa atravè biwo lekòl la.

**Elèv yo pa gen dwa pran foto oswa videyo elèv, yap konfiske telefòn selilè yo epi yap avèti paran yo si sa rive.**

## EGZÈSIS IJANS

Yo pwograme egzèsis ijans regilye pou evakyasyon bilding menm jan ak konfinman pou elèv yo ak pèsònèl la. Yo aprann elèv yo sekirite si gen dife, disiplin ak pwosedi lan yon ka ijans, ak anplasman sòti regilye ak altènatif yo. Yo atann ke tout moun pran egzèsis sa yo seryezman paske toujou gen posiblite pou yon ijans. Yo fè egzèsis ki apre yo:

### 1. Egzèsis Dife:

Kat egzèsis dife ak pèsònèl Depatman Ponpye kap la pwograme pandan ane lekòl la. Yap egzije tout moun pou sòti lan bilding lan lan lòd kòrèk pwosedi yo.

### 2. Sekirize Sal Klas la:

Omwen yon egzèsis "sekirize sal klas la" fèt an kolaborasyon ak Lapolis Norwood la. Pwofesè klas yo bloke pòt sal klas yo a epi kontinye operasyon/fè kou lan sal klas yo a.

### 3. Kouri-Kache-Goumen:

Yo fè omwen youn pa ane an kolaborasyon ak Lapolis Norwood la. Yo ba pwofesè yo yon sitiyasyon kote yo gen pou deside kouri soti lan bilding la, kache lan sal yo a oswa goumen.

## MESAJ/TELEFÒN

Biwo pwensipal lekòl la se sant aktivite an epi anpil fwa yon kote ki okipe anpil. Alò, paran yo pral jwenn ke enfòmasyon chak jou yo kapab pataje bi byen lè yo voye imel dirèkteman bay pwofesè a ak/oswa yon nòt pa pitit yo a.

Lè ou panse ke sa nesèsè pou telefonnen pitit ou a lekòl la, tanpri sèvi ak telefòn lekòl la men pa telefòn selilè pitit ou a. Yap bali mesaj la pou ou. Sa ta dwe fèt sèlman lan yon sitiyasyon ijans. **Tanpri pa rele oswa tèks pitit ou a pandan jounen lekòl la pou chanjman nan lè yap lage a oswa lòt enfòmasyon ke biwo a ta dwe konnen.** Si sa posib, ou ta dwe bay pitit ou a tout enstriksyon yo avan li soti lakay nou lan maten. Yo pèmèt timoun yo sèvi ak telefòn sèlman lè gen yon sitiyasyon ijans.

Yo ka jwenn pwofesè yo nenpòt kilè pa imel yo a. Pwofesè yo disponib pou apèl telefòn pou 15 minit avan lekòl kòmanse oswa apre ke yo lage lekòl la a 2:05 p.m. Yo ka pran yon mesaj pou yon pwofesè nenpòt kilè. Amwens ke gen yon ijans, yo pap rele pwofesè a pandan jounen lekòl la.

## LAKOU REKREYASYON

Yo atann ke elèv yo konpòte yo yon jan pou ke aksyon yo pa kreye yon danje pou sekirite oswa byennèt tèt yo oswa lòt moun; espesyalman:

- A. Pa gen dwa gen okenn espò ak kontak kò ekzèpte jwèt tankou lagon yo. Yo entèdi bwitalite ki pas nesèsè menm jan ak anbetman, pèsekisyon owa brimad.

- B. Pa gen dwa gen lòt bagay ke ekipman kòrèk ke yo sèvi sou lakou rekreyasyon an.
- C. Jwèt dwe fèt lan zòn ki fèt epi pwepare pou aktivite a.
- D. Yo atann ke yo fè yon itilizasyon kòrèk ak ekipman pèmanan lakou rekreyasyon an.
- E. Yo atann ke chak elèv pran yon reponsablite pataje pou kenbe lakou lekòl la ak bilding yo pwòp epi bèl; alò yo pap tolere jete fatra, domaje, oswa destriksyon.
- F. Lan okenn ka elèv ta dwe kite lakou lekòl la pandan jounen lekòl la amwens ke li gen otorizasyon administratè responsab la.

## **PÈDI AK JWENN**

Lekòl la kenbe yon bwat bagay pèdi ak jwenn lan kafeterya a. Si yon bagay rete lan bis la, ou ta dwe kontakte jeran konpayi otobis la lan **508-785-2234**. Tanpri make sivètman (espesyalman manto ak chanday) ak non pitit ou yo. Bwat manje midi ak sak pou do yo tou bezwen idantifikasyon.

## **VIZIT ANDEYÒ**

Lè yon klas ap fè yon vizit andeyò, paran yo oblije siyen yon tikè pèmisyon pou pitit yo a ka ale nan vizit la. Yo ka mande timoun yo pou yo peye yon ti frè pou ede ranbouse pri vizit la. Fon bidjè regilye lekòl yo ak fon PTO/PTA yo sèvi pou peye rès ki dwe pou vizit la.

Yon timoun kapab pèdi privilèj pou li vin lan yon vizit andeyò poutèt move konptman lan lekòl. Elèv yo ki pa kapab patisipe lan yon vizit andeyò dwe lan lekòl la epi angaje lan de aktivite ki yo lapèn baze sou pwogram edikasyon an. Yo atann yon konpòtman elèv ekselan pou tout timoun kap patisipe lan yon vizit andeyò. Konpòtman elèv yo lan yon vizit andeyò ta dwe toujou montre estanda Norwood Public Schools ki pi wo yo. Tout règleman lekòl yo aplike lan yon vizit andeyò.

Elèv yo ki tout tan pram medikaman pandan lè lekòl yo, yo ta dwe bayo medikaman sa a pandan vizit andeyò yo. Yo egzije yon pèmisyon paran/gadyen an avan vizit andeyò a. Yon granmoun pral bay medikaman sa yo. Paran yo ki gen kesyon oswa enkyetid regadan medikaman lan vizit andeyò ta dwe pale dirèkteman ak enfimyè lekòl la. Règ sa a te apwouve epi sètifye pa Depatman Sante Piblik Massachusetts la.

## **KÒB LÈT AK MANJE MIDI**

Yon goute lèt disponib pou achte pou tout elèv yo lan mwaye maten an. Lèt disponib pou achte tou pandan manje midi a. Manje midi disponib pou elèv ki ta renmen achte manje midi, ak ladan li lèt, fri ak ji. Pwogram manje midi lekòl la ofri twa chwa chak jou epi elèv yo kòmande chak maten lan klas yo a. Lan lekòl Balch, Callahan, Cleveland, Oldham, Prescott ak Willett yo nou ofri manje maten tou avan lekòl kòmanse.

Nou ankouraje paran yo pou pran avantaj lan pwogram peye davans nou an ki rele Nutrikids. Pwogram sa a pèmèt paran yo fè depo kòb sou kont elèv yo a avèk yon chèk ke yap voye bay lekòl la, kap gen ladan li non elèv la, klas li ak nimewo PIN, oswa anliy lan [myschoolbucks.com](https://myschoolbucks.com). Ou kapab tou swiv sa elèv ou a achte yo lan pwogram sa a gratis.

Tanpri tcheke sit entènèt lekòl la oswa jounal lokal la pou meni manje midi a.



## ENFÒMASYON LÈ PA GEN LEKÒL

Pwensipal rezon pou sispann nenpòt sesyon lekòl pral pou sekirite elèv. Norwood Public Schools gen twa opsyon pou fèmèn lekòl lan ka ijans tanpèt:

### 1. Fèmèn lekòl tout jounen

Sipè Entandan an pral derape Teknoloji Blackboard Connect la. Se yon sistèm kote Sipè Entandan an pral kòmanse yon sitèm lan tout vil la ki pral rele nan telefòn kay tout moun lan sistèm lekòl la pou anonse ke lekòl ap fèmèn. Li enpòtan pou ke fanmi yo avèti lekòl la pou mete ajou nenpòt chanjman nimewo telefòn ki fèt nenpòt ki lè.

### 2. Retade ouvèti lekòl la pou youn oswa de zèdtan.

Longè reta a pral anonse pandan anons ke pa gen lekòl yo. Si opsyon retade ouvèti a aktif, timoun lekòl elemantè yo gen pou yo vin lekòl youn oswa de èdtan pi ta. Elèv ki pran bis yo pral pran bis la lan estasyon regilye a youn oswa de èdtan pi ta tou. Nan ka ke gen ouvèti retade, yo konseye paran yo pou pran pwòp desizyon si yo vle kenbe pitit yo a lakay yo lè gen move tan.

### 3. Lage bonè

Lage elèv yo bonè pandan jounen lekòl la ra anpil. Opsyon sa a yo chwazi li sèlman si gen kondisyon gwo move tan ki rive apre ke elèv yo rive lekòl oswa pou lòt ijans tankou pèt chofaj, dlo, elatriye (gade Pwosedi Fèmèn Lekòl lan Ijans pou plis enfòmasyon).

Lan ka ke Sipè Entandan an chwazi youn lan opsyon sa yo, anplis de Blackboard Connect la, yo pral pibliye enfòmasyon yo sou estasyon radyo ak televizyon ki apre yo:

WBZ - 1030 AM	Chèn 4
WCVB TV	Chèn 5
WRKO - 680 AM	Chèn 7

FOX TV 25

Tout Chèn televizyon pa kab yo

## PTA/PTO

Objektif PTA (Asosyasyon Paran Pwofesè) ak PTO (Òganizasyon Paran Pwofesè) yo se pou ankouraje kominikasyon ak konpreyansyon ant paran yo ak pwofesè yo, epi anrichi eksperyans lekòl timoun yo. Asosyasyon sa a ouvri pou tout paran ak pwofesè elèv Norwood Public Schools yo. Chak mwa lan aswè yo fè de reyinyon konsèy epi tout paran toujou byenvini epi ankouraje pou patisipe. Yo ankouraje paran yo pou kontakte manm konsèy PTA/PTO yo oswa biwo lekòl la, si yo ta renmen pi angaje lan PTA/PTO a.

Gen plisyè jan ke paran yon kapab angaje ak lekòl pitit yo a. Pa egzanp, yo ka patisipe kòm asistan lan bibliyotèk la, lan magazen lekòl la, kòm yon manman klas, oswa lan bilten nouvel lekòl la, epi kòm manm aktif lan PTA/PTO a. Yo voye yon fèy enskripsyon lakay ou lan pwentan, ki esplike tout pozisyon ki disponib yo lan PTA/PTO a ak pwogram volontè li yo.

## PWOGRAM/PÈSONÈL ELEMANTÈ

### ATIZAY

Atizay se yon eksperyans aprantisaj ki se yon bon pati lan mond yon timoun. Alò yon pwogram atizay vizyèl solid se yon pati enpòtan lan total devlopman edikasyon ak grandisman timoun yo. Pwogram edikasyon atizay elemantè a bay yon fondasyon pou konprann vokabilè, materyèl, teknik, ak apresyasyon atizay. Yo ankouraje epi reyisi de estrateji entèdisiplinè, miltikiltirèl ak entegrazyon teknoloji. Objektif pwogram edikasyon sa yo parèt ak enstriksyon pa moso pandan yon leson chak semèn avèk yon pwofesè atizay. Klas 1-5yèm ane yo reyini pou yon kou karant minit. Pwogram edikasyon Atizay Vizyèl Norwood Public Schools la koresponn ak Liy Gid Atizay Vizyèl Eta Massachusetts yo. (Massachusetts State Visual Arts Frameworks)

### PWOGRAM JOUNEN PWOLONJE

**781-440-5874**

Pwogram Jounen Pwolonje Norwood la, ke Norwood Public Schools sponsorize, pral ofri sèvis Avan Lekòl ak Apre Lekòl pou elèv yo ki lan klas Jadendanfan rive 5yèm ane. Yo aksepte enskripsyon sou yon baz vin anvan yap sèvi w avan. Kantite plas yo pral baze sou kapasite bilding lan. Se pa yon pwogram pou parèt konsa ladan li, epi pitit ou a dwe enskri pou li patisipe. Yo egzije yon anrejistreman pou pi piti de jou pa semèn. De jou sa yo paka chanje yon fwa ou fin chwazi yo. Si pitit ou a se Willett li ye, wap bije konnen lekòl lakay ou a pou enskri.

Lè operasyon pwogram Avan Lekòl yo se depi 7:00 AM rive 7:35 AM pou klas Jadendanfan rive 5yèm ane. Avan lekòl fèmen si yo retade ouvèti lekòl akòz move tan.

Lè pwogram Apre Lekòl yo se sak apre yo:

- Lè Willett 1:45 PM rive 4 PM oswa 1:45 PM rive 6:00 PM
- Lè Klas 1-5yèm ane 2:05 PM rive 4:00 PM oswa 2:05 rive 6:00 PM

Pwogram lan fèmen lan jou pwofesyonèl ak lage bonè yo. Jounen Pwolonje swiv kalandriye lekòl la epi fèmen pou chak jou vakans endividyèl ki rekonèt pa lekòl piblik yo.

### PWOFESÈ PWENSIPAL

Gen de moman lè Direktè a pa lan bilding lan poutèt reyinyon jeneral distrik oswa li ale. Lan ka sa yo, gen yon pwofesè pwensipal ki aji kòm ranplasan direktè a pandan li pa lan bilding lan. Sa ka vle di jere pwoblèm disiplin ki rive, enkyetid paran oswa òganizasyon bilding la. Lè sa posib epi apwopriye, pwofesè pwensipal la ap konsilte direktè a sou desizyon yo.

### EDIKASYON SANTE/FIZIK

Edikasyon Sante/Fizik se yon pati enpòtan lan devlopman fizik ak edikasyon chak timoun. Sante, kondisyon fizik epi amizman se de mo ki byen dekri pwogram sa a. Kou yo fèt pou bay konesans ak devlope kapasite yo ki ankouraje yon lavi aktif an sante. Tout elèv Jadendanfan rive 5yèm ane yo resevwa tou de kou yo edikasyon sante ak fizik ki anseye pa yon pwofesè edikasyon sante ak edikasyon fizik. Pwogram Edikasyon Sante/Fizik la koresponn ak règleman Liy Gid Pwogram Edikasyon Massachusetts yo.

## **BIBLIYOTÈK**

Chak lekòl elemantè gen yo bibliyotekè lekòl. Kou yo òganize pou elèv yo vini pou vizit bibliyotèk sal klas yo, ki gen ladan yo enstriksyon ak sikilasyon. Pwofesè a ap avèti paran yo lè yo pwograme peryòd bibliyotèk pitit yo a pou yo ka ede timoun yo pote liv yo tounen nan bon lè a. Bibliyotekè lekòl la asiste pa de paran volontè. Kontakte repwezantan PTA ou an oswa biwo lekòl la si ou enterese pou vin yon volontè bibliyotèk. Ranplasman liv bibliyotèk yo ak materyèl yo ki pèdi oswa domaje se responsablite paran/gadyen an.

## **ESPESYALIS LEKTI**

Wòl espesyalis la gen plizyè fas ki konsène yon gwo kantite sèvis ak responsablite. Li avan tout bagay responsab pou dirije epi kowòdone pwogram lekti lan klas 1ye rive 5yèm ane. Yo bay tou yon enstriksyon an ti gwoup pou satisfè bezwen espesifik elèv yo.

Espesyalis lekti a bay sipò san rete pou pèsònèl pwofesyonèl la nan domèn devlopman alfabetizasyon. Yon konpreyansyon solid liy gid atizay langaj Massachusetts la enpòtan anpil. Espesyalis alfabetizasyon an etidye epi fòme anpil lekti enpòtan epi ekri leson pou pwofesè sal klas yo pou amelyore konpreyansyon yo pou enstriksyon baze sou estanda yo.

Evalyasyon se yon pati enpòtan nan pwogram atizay langaj lan epi se responsablite espesyalis alfabetizasyon an pou li fòme manm pèsònèl yo pou reyalize "running records", yon pwosedi enfòmèl pou swiv pwogrè elèv yo nan lekti. Espesyalis alfabetizasyon an sèvi tou kòm dyagnostikè epi li gen fòmasyon pou bay epi entèprete yon gwo varyete evalyasyon dyagnostik. Konesans ak ekspètiz lan evalyasyon enpòtan lè yo rele espesyalis alfabetizasyon an pou prezante rezilta tèks ak rekòmandasyon sou enstriksyon bay ekip Sipò Elèv ak Edikasyon Espesyal yo.

## **ENTÈVANSYONIS**

Wòl entèvansyonis la se pou sipòte reyalizasyon pwogram de baz Alfabetizasyon ak Matematik yo. Yo bay sèvis vize an pèmanans lan Alfabetizasyon ak Matematik pou idantifye elèv yo. Entèvansyonis la rasanble epi analize done elèv pou ede vize instriksyon an. Yo travay tou dirèkteman ak pèsònèl anseyan an pou ede itilize done yo lan planifye enstriksyon.

## **MIZIK**

Mizik se yon pati enpòtan lan kilti epi kominote nou an. Li enpòtan tou pou devlopman chak timoun. Alò, kou yo, ki aprann timoun chante, koute, pèfòme epi kreye, se yon pati enpòtan lan pwogram mizik la. Pwogram mizik lekòl elemantè a bay enstriksyon jeneral epi enstrimanal. Gen plizyè asanble pandan ane an, ki bay opòtinite pou elèv yo pèfòme. Yo bay elèv twazyèm ane yo opòtinite pou yo kòmanse leson vyolon epi pou gen leson flit lan klas la. Yo ofri leson pou tout enstriman djaz ak òkès lan katryèm ane epi yo kontinye lan senkyèm ane. Bonè lan ane lekòl la yo voye enfòmasyon lakay ou regadan lè leson yo ak jan pou jwenn enstriman yo. Yap fè paran yo sonje enpòtans ke sesyon pratik lakay pwograme regilyèman genyen.

## **REGLEMAN PREZANS LAN PÈFÒMANS**

Elèv yo dwe prezann lan tout pwogram mizik ke elèv prezante nan lekòl la. Yap voye avètisman bay paran/gadyen yo pa pitit yo davans ak dat epi lè pèfòmans la(yo) epi ki mande prezans timoun yo. Lan ka yon ijans, maladi, elatriye, yon timoun gen dwa egzante pou pèfòme, depi li gen yon

eskiz siyen pa paran/gadyen an ke yo bay direktè a. Gwoup pwofesè yo ak pèsònèl la ap apresye kowoperasyon ou lan aktivite lekòl sa yo.

## **PSIKOLÒG**

Psikològ la se yon manm lan ekip ki angaje lan evalyasyon timoun yo ke yo refere pou tès poutèt pwoblèm lan aprann ak konpòtman yo. Atravè obsèvasyon enfòmèl ak tès psikolojik fòmèl, psikològ la kapab evalye nivo ak estil kapasite pou aprann timoun lan pou li prepare pwogram edikasyon ki pi efikas la pou timoun sa a. Anplis, psikològ la pral anpil fwa fonksyone tankou yon konsiltan pou pwofesè sal klas yo ak administratè yo lan pwoblèm ki konsène devlopman emosyonèl ak sosyal timoun nan yon anviwònman lekòl.

## **KONSEYE AJISTEMAN LEKÒL**

Konseye Ajisteman Lekòl la sèvi timoun sa yo ki gen pwoblèm sosyal/emosyonèl oswa prezante de pwoblèm konpòtman lekòl. Elèv yo dabitid yo refere pa pwofesè yo ki lan yon pozisyon pou rekonèt sentòm deranjman emosyonèl, konpòtman ki pa abityèl oswa fèb ajisteman sosyal. Wòl konseye a se pou ede timoun lan jere konpòtman negatif sa yo ak konpòtman sosyal soudevelope yo pou li ka fonksyone ak kè kontan epi reyisi lekòl. Yo reyalize ke, si timoun sa yo jwenn sipò pandan ane lekòl bonè yo, sa evite abityèlman deranjman grav lan konpòtman ak reyisit fèb yo.

## **ESPESYALIS LAPAWÒL/LANGAJ**

Yon lapawòl efikas pou chak timoun se pi gwo objektif pwogram lapawòl la nan Norwood Public Schools. Lan sal klas regilye a, yo pran yon tan pou devlope kapasite langaj pale ak ekspresyon lapawòl. Pwofesè klas la resevwa èd espesyalis lapawòl ak langaj la ki aji tankou yon konsiltan epi yon moun resous. Pou timoun ki gen pwoblèm jwenn kapasite lan koreksyon lapawòl yo ki plis pase baz ak resous klas la, yo òganize yon pwogram espesyal ke ladan li espesyalis la travay ak timoun an ti gwoup epi konsantre atansyon sou chak pwoblèm lapawòl. Espesyalis la resevwa referans sa yo atravè depistaj lekòl matènèl, paran yo ak pwofesè yo.

## **TITLE I (TIT I)**

Title I se yon pwogram finanse federalman ki ofri sèvis pou elèv elemantè lan Norwood. Yo bay sèvis sipò sa yo pou elèv pwensipalman lan domèn lekti/atizay langaj. Espesyalis Title I yo, ke yon nonmen lan lekòl ki kalifye yo, travay an kolaborasyon ak pwofesè klas yo pou ede elèv sa yo ki montre yon bezwen pou plis ranfòsman epi apwofondi kapasite lekti yo. Kalifikasyon pou finansman Title I baze sou pousantaj popilasyon manje midi gratis ak rabè lan pri nan chak lekòl elemantè. Yo sèvi ak de fòm kondisyon pou seleksyon pou detèmine patisipasyon yon elèv patikilye.

## **EDIKASYON APRENÈ LANG ANGLE (ELL)**

Norwood Publik Schools ofri enstriksyon konplè, dirèk, ak bon kalite pou lang Angle, ki gen ladan li pale, konpreyansyon lèw koute, lekti, epi ekriti jan yo mande pou sipòte devlopman Angle akademik yon ELL. Enstriksyon sa a gen ladan li rezilta aprantisaj lan pale, konpreyansyon lèw koute, li, ak ekri.

Norwood Public Schools ap swiv pwogram edikasyon ELL la ki fèt pa WIDA (World-Class Instructional Design and Assessment). Pwogram edikasyon WIDA a te fèt pou li se yon liy gid pou devlopman yon pwogram edikasyon Angle kòm Dezyèm Lang (ELD). Anplis, M.G.L. Chapit 71A mande ke preske tout elèv limite lan fasilite Angle (LEP) edike lan yon pwogram Imèsyon Angle Pwoteje (SEI). Yon pwogram SEI fèt ak de eleman:

- Enstriksyon kontni pwoteje, ak
- Enstriksyon Angle kòm dezyèm lang (ESL)

Yo bay edikasyon ESL pou elèv ki limite lan fasilite Angle, dapre lalwa ak règleman yo, atravè yon pwogram etidye pou gen efè sou entegrasyon elèv sa yo lan pwogram edikasyon regilye yo lè yap gen fasilite lan Angle. Kou Imèsyon Angle Pwoteje (Sheltered English Immersion) yo ki anseye pa de pwofesè ESL diplome, yo ofri yo pou elèv ki limite lan fasilite Angle. Pwofesè klas yo te epi ap kontinye pran fòmasyon lan Imèsyon Angle Pwoteje.

Pwogram Norwood Public Schools la gen Enstriksyon lan-klas (SEI) ak enstriksyon Lang Angle atravè yon modèl kolaboratif ak tou de pouse-antre epi rale-soti.

Pwogram lan etidye pou asire ke elèv yo, ki limite lan fasilite Angle yo resevwa tou le de enstriksyon Angle-kòm-Dezyèm Lang ak enstriksyon domèn kontni pwoteje.

Lwa federal ak eta a mande ke elèv limite lan fasilite Angle (LEP) yo evalye chak ane pou mezire konesans yo lan li, ekri, tandè, epi pale Angle, menm jan ak pwogrè ke yap fè lan aprann Angle. Lè yo kenbe lwa sa yo, elèv LEP yo dwe patisipe lan ACCESS pou ELL yo.

## DISIPLIN ELEMANTÈ

### FILOZOFI DISIPLIN ELEMANTÈ (ANSYEN "CODE")

Ekip administratif elemantè a apwoche disiplin elemantè a lan yon fason global epi devlopmanal apwopriye ki sipòte avansman akademik epi sosyal chak elèv. Yo atann ke tout elèv yo montre respè pou tèt yo, respè pou lòt moun ak pou bon anviwònman lekòl yo a tout tan. Lan lekòl la, nou pral travay pou ranfòse atant konpòtman yo atravè etablisman atant klè, rekonèt konpòtman pozitif epi pran aksyon apwopriye pou sipòte elèv yo pou yo satisfè atant sa yo. Lan chak lekòl, atant klè pou konpòtman te etabli epi ranfòse pa lidèchip lekòl la, pwofesè yo ak pèsònèl la epi, lè sa nesèsè, yap aplike kosekans ak sipò apwopriye. Lè yap adrese konpòtman, yo fè sa lan moman an epi konsekans yo pral lojik, a tan epi an rapò ak enfraksyon disiplinè a.

Pandan ke pwofesè yo ap etabli de relasyon ki fè sans ak kominote klas yo a, yo pral devlope diferan ranfòsman pozitif pou rekonèt chak elèv yo oswa klas ki satisfè oswa depase atant yo. Ranfòsman pozitif sa yo kapab endividyèl an nati (tankou tan lan aktivite yo pito, chwa aktivite lan klas la, elatriye) oswa baze sou klas (tankou yon jou rekonpans ak tèm, rekreyasyon anplis oswa yon lòt rekonpans ki deside pa klas la ak pwofesè a).

### ATANT KOMINOTÈ

Lan nivo elemantè a, atant kominotè yo etabli alafwa lan nivo klas la ak nivo lekòl la. Atant jeneral yo lan klas yo ak kominote lekòl la yo gen ladan yo:

1. Gen respè pou tèt ou, pou pèsònèl lekòl ak anviwònman lekòl la
2. Pran responsablite pou aksyon ak konpòtman yo
3. Fè pi bon travay ou

Chak pwofesè ak kominote lekòl pral etabli plis atant detaye lè yo sèvi ak gwo valè sa yo kòm gid.

### SISTÈM SIPÒ

Ekip lidèchip elemantè a pran angajman pou li akouraje sante sosyal ak emosyonèl tout elèv yo tou de kote yo, lan klas la ak lan kominote jeneral la. Elèv lekòl elemantè yo pran sipò lan men yon pwogram edikasyon Aprantisaj Sosyal Emosyonèl solid lan Open Circle (Sék Louvri) ki konekte dirèkteman ak Liy Gid CASEL la. Anplis, Konseye Ajisteman Lekòl yo travay men lan men ak pwofesè klas yo epi espesyalis yo pou bay sipò pou bay aktif pou tout elèv yo ak objektif pou asire ke chak elèv gen de estrateji konkrè ki adrese pwensip de baz Aprantisaj Sosyal epi Emosyonèl yo ki te etabli pa CASEL (Self-Awareness, Self-Management, Responsible Decision-Making, Relationship Skills and Social Awareness). (Konsyans-Tèt ou, Jesyon-Tèt ou, Pran-Desizyon Responsab, Kapasite Relasyon ak Konsyans Sosyal).

## KONSEKANS/EGZANP KONPÒTMAN

Egzanp sa yo la pou bay gidans jeneral pou kijan egzanp konpòtman ta dwe jere pa bilding pwensipal la. Se pa yon lis konplè ni li pa la pou dikte konsekans egzak pou chak sitiyasyon endividyèl.

Konsekans Pwofesè/Sal Klas (Nivo 1)	
Egzanp Konpòtman	Konsekans/Sipò
<ul style="list-style-type: none"><li>• Derespektan</li><li>• Pa swiv atant klas, kafeterya oswa bis yo</li><li>• Konpòtman dezòd</li><li>• Pa swiv atant rekreyasyon yo</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>• Konvèsasyon 1:1 ak pwofesè</li><li>• Koriye sitiyasyon an (tankou fè eskiz)</li><li>• Ranfòsman pozitif</li></ul>

Konsekans Pwofesè/Direktè (Nivo 2)	
Egzanp Konpòtman	Konsekans/Sipò
<ul style="list-style-type: none"><li>• Konpòtman Nivo 1 repete san chanjman</li><li>• Malonètete</li><li>• Mal sèvi ak teknoloji</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>• Konvèsasyon 1:1 ak pwofesè epi direktè</li><li>• Avètisman Paran</li><li>• Posiblite pèt privilèj (tankou sèvi ak òdinatè si yo te mal itilize avan)</li><li>• Plan entèvansyon konpòtman endividyèl si gen bezwen</li><li>• Tchèk woutin sou konpòtman yo vle ki vize yo</li><li>• Ranfòsman pozitif</li></ul>

Entèvansyon konpòtman (Nivo 3)	
Egzanp konpòtman	Konsekans/Sipò
<ul style="list-style-type: none"><li>• Konpòtman Nivo 2 repete san chanjman</li><li>• Brimad oswa entimidasyon fizik</li><li>• Nenpòt konpòtman ki ekri anba seksyon "sispansyon" ki anba a.</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>• Konferans paran avèk pwofesè epi direktè</li><li>• Entèvansyon/plan konpòtman an plas</li><li>• Pèt privilèj ki an rapò yo</li><li>• Sispansyon posib</li><li>• Referans posib pou plis evalyasyon</li></ul>

## PWOSEDI NÒMAL

Tout elèv yo dwe ka jwenn pwosesis nòmal keleswa lè yo retire dwa yo pou edikasyon atravè esklizyon lan enstriksyon klas regilye oswa lan aktivite lekòl, gen ladan yo sispansyon, ekspilasyon, epi retire privilèj yo. Dwa pou pwosesis nòmal la gen ladan li dwa pou yon odyans san jijman avan nenpòt lan eksklizyon anle yo, eksepte pou ranvwa an ijans pou jis rive de jou jan yo di lan M.G.L. Chapit 71, §37H ¾ kote yon odyans pral fèt lan peryòd de jou a.

Règleman Konpotman Norwod Public Schools la fèt pou li enstriktif, pa pinitif epi li baze sou pwensip disiplin prevantif epi pozitif. Li konsantre sou jwenn lakòz move konpòtman yo, rezoud konfli yo, satisfè bezwen elèv yo, epi kenbe elèv yo lekòl epi aprann. Ofans disiplinè yo ka varye soti lan ti enfraksyon minè rive lan ensidan ki vyole lwa yo epi gen yon efè ki move anpil sou byennèt jeneral lekòl la. Menm jan an, direktè lekòl la gen dwa aplike de estrateji disiplinè ki ale depi entèvansyon aktivite tankou on nouvo plas pou chita oswa devwa klas rive lan ekspilasyon de lekòl la baze sou gravite enfraksyon an.

## KATEGORI RANVWA

**Sispansyon andedan lekòl** vle di ranvwa yon elèv soti lan aktivite klas regilye yo, men pa lan etablisman lekòl la, pou pa plis ke dis (10) jou youn apre lòt, oswa pa plis ke dis (10) jou adisyone pou plizyè enfraksyon pandan ane lekòl la. Ranvwa sèlman lan patisipasyon andeyò kou yo oswa evenman òganize pa lekòl yo, oswa tou de, pa dwe konte kòm ranvwa lè yap kalkile jou lekòl yo.

**Sispansyon tèm-kout** vle di ranvwa yon elèv soti lan etablisman lekòl la ak aktivite klas regilye yo pou dis (10) jou youn apre lòt oswa mwens. Yon direktè kapab, si li vle, pèmèt yon elèv sèvi yon sispansyon tèm-kout lan lekòl. Ranvwa sèlman lan patisipasyon pou aktivite andeyò kou oswa evenman òganize pa lekòl yo, oswa tou de, pa dwe konte kòm ranvwa lè yap kalkile jou lekòl yo.

**Sispansyon tèm long** vle di ranvwa yon elèv soti nan etablisman lekòl la ak aktivite regilye klas yo pou plis pase dis (10) jou lekòl youn apre lòt, oswa plis pase dis (10) jou lekòl adisyone pou plizyè ofans disiplinè nan nenpòt ane lekòl. Retire li sèlman nan patisipasyon nan aktivite andeyò pwogram kou yo oswa evenman òganize pa lekòl la, oswa tou le de, pap konte lan kalkil jou lekòl pou retire li. Eksepte pou elèv yo ki fè yon ofans disiplinè ke yo di lan sou-seksyon (a) oswa (b) nan G.L. c. 71, §37H, §37H, oswa nan seksyon 37H ½ of G.L., c. 71, okenn elèv ta dwe jwenn yon sispansyon tèm long pou youn oswa plis ofans disiplinè pou plis pase katrevendis (90) jou lekòl nan yon ane lekòl pou kòmanse konte depi premye jou yo retire li nan lekòl la. Okenn sispansyon tèm long dwe depase fen ane lekòl ke yo bay sispansyon an.

**Ranvwa an Ijans** vle di ranvwaye yon elèv pou yon tan lè yon elèv fè yon ofans disiplinè epi prezans pèmanan elèv la prezante yon danje pou moun oswa pwopriete, oswa deranje materyèlman epi sibstansyèlman lòd lekòl la, epi ke nan jijman direktè a, pa gen lòt opsyon disponib pou soulaje danje oswa deranjman an.

**Ekpilasyon vle di** ranvwaye yon elèv soti nan etablisman lekòl la, aktivite klas regilye yo, ak aktivite regilye yo pou plis pase katrevendis (90) jou lekòl, endefiniman, oswa pou tout tan, jan yo pèmèt li lan G.L. c. 71, §37H or 37H ½ pou: a) posesyon yon zam danjere; b) posesyon yon sibstans kontwole; c) atak sou yon manm pèsonèl edikatif la; oswa d) yon akizasyon pou krim, oswa yon plent oswa kondanasyon pou delenkans kriminel, oswa yon jijman oswa admisyon ke



li koupab krim sa a, si yon direktè detèmine ke prezans pèmanan elèv la kapab gen yon efè enpòtan ki pa bon pou byennèt jeneral lekòl la jan yo di nan G.L. c. 71 §§37H or 37H ½.

Règleman Eta (603 CMR 53.04) yo pa anpeche yon administratè lekòl menen yon ankèt, ak ladan li entèvyou ak elèv, sou yon ensidan disiplinè an rapò ak lekòl pandan yap ankete sou ensidan disiplinè.

## **SISPANSYON**

Sispansyon lan klas vle di ke yon elèv te konpòte li yon jan ki te lakòz direktè a oswa moun li nonmen an pou sispann dwa elèv la pou li patisipe lan pwosesis edikasyon an pou yon pati lan jounen an, yon jounen antye, oswa kèk fwa pi lontan. Yo bay sispansyon pou sitiwayon sa yo kote elèl la montre, ak konpòtman li, ke gen bezwen pou yo separe li ak rès popilasyon lekòl la. Dapre Lwa Jeneral Massachusetts yo, yo pran an konsiderasyon kondisyon ki apre yo lè yo tap detèmine si sispansyon an apwopriye:

1. Deranje ansèyman oswa aprantisaj pou tèt li oswa lòt yo;
2. Lakòz dezòd enpòtan lan jounen lekòl la; ak/oswa
2. Vyole dwa lot yo

Lan tout ka yo, Direktè a oswa moun li nonmen an pral konsidere faktè ki ka diminye yo, menm jan ak si elèv la gen dwa resevwa sèvis atravè yon Pwogram Edikasyon Pèsonalize oswa yon plan 504. Direktè a oswa moun li nonmen an pral konsidere tou volonte yon elèv pou pran reseponsablite pou yon aksyon lè yap deside sou konsekans yo. Direktè a rezève dwa ak responsablite li anve tout elèv ak pèsonèl pou li pran sanksyon pou aksyon ki pa parèt lan dokiman sa a, pou egzamine nenpòt faktè ki ka diminye sa ki - dapre jijman Direktè a - yo ta dwe konsidere, epi sèvi ak sanksyon yo ke yo di pi wo lan règleman sa yo (ki papab ajiste pou montre gravite konpòtman konsène an). Anplis, malgre ke yo itilize an jeneral pinisyon pwogresif, Direktè a rezève dwa pou li aplike tout kondisyon ki lan liv sa a dapre sa li detèmine ki lan pi bon enterè anviwonman aprantisaj la ak pwosesis edikasyon nan lekòl la

### **Ofans yo ki ka Mennen Sispansyon**

1. Fimen ak/oswa itilize pwodui tabak san lafimen (gen ladan yo vaporizatè ak sigarèt elektwonik) nan bilding lekòl la, nan bis lekòl yo oswa sou teren lekòl la nenpòt ki lè. Sa pral gen ladan li tou posede pwodui tabak yo, aparèy vapè oswa yon brikè.
2. Itilizasyon dwòg oswa alkòl nan lekòl la, bis lekòl oswa aktivite òganize pa lekòl yo, oswa avan yo vini lekòl oswa nan aktivite òganize pa lekòl yo.
3. Posesyon dwòg oswa alkòl oswa ekipman dwòg nan lekòl la oswa aktivite lekòl la òganize
4. Angajman lan distribisyon (bay, ofri, twoke, oswa fè echanj) dwòg (ak ladan yo tabak oswa pwodui ki gen rapò ak vapè) oswa alkòl nan lekòl oswa aktivite òganize pa lekòl yo.
5. Batay fizik (goumen)
6. Menas pou atak fizik
7. Atak fizik/Agresyon (ki pa seksyèl)
8. Pèsekisyon Seksyèl
9. Agresyon Seksyèl
10. Vòlè (byen lekòl, pèsonèl oswa elèv)
11. Menas pou vòlè
12. Vandalis/Destriksyon Byen
13. Zam lan etablisman lekòl yo
14. Brimad

15. Pèsekisyon
16. Brimad Inisyasyon
17. Triche/kopye
18. Pa vin lan biwo lè yon manm pèsonèl la bay lòd la
19. An plisyè fwa/volontèman pa obeyi direksyon ke nenpot pèsonèl lekòl la bay
20. Pa vin lan kou
21. Kite teren lekòl la
22. Konpòtman frekan, di betiz, komantè ki pa apwopriye oswa ofansif (ki pa limite ak di betiz oswa blasfèm)
23. Menase yon manm pèsonèl la
24. Posesyon byen yo vòlè
25. Konpòtman pou entimide oswa konpòtman pwovokatè lan yon jan ki menen lan kont oswa lan posiblite pou fè kont.
27. Nenpòt aksyon ki pa konfòm ak valè ak/oswa kalite ke yo di nan Deklarasyon Misyon Norwood Public School la. Administrasyon an rezève dwa pou ogmante longè yon sispansyon pou nenpòt kantite jou jis rive sou 10 jou. Sa ta ka fèt nan de sitiyasyon ke yo konsidere ki grav oswa pou de vyolasyon disiplinè ak/oswa nan de sitiyasyon kote mezi pou korije yo pat respekte pa elèv la. Se entansyon Norwood Public Schools pou li kreye epi kenbe yon anviwònman an sekirite lan chak bilding lekòl la. Anplis estanda konpòtman yo jan yo di lan Liv Gid Elèv la, direktè a gen dwa detèmine si yon aksyon se yon menas pou kenbe yon anviwònman an sekirite. Mete sou sa, direktè a gen dwa detèmine ki aksyon disiplinè apwopriye pou yo pran.

## **PWOSEDI SISPANSYON**

Avan ke yon direktè enpoze yon sispansyon deyò lekòl kòm konsekans pou yon ofans disiplinè li pral:

- bay elèv la ak paran li yon avètisman vèbal epi alekri,
- bay elèv la yon opòtinite pou yon odyans sou akizasyon an epi bay paran an yon chans pou patisipe nan odyans sa a;
- avètisman alekri pral gen ladan li:
  1. ofans disiplinè an;
  2. baz akizasyon an;
  3. konsekans posib yo, ak ladan yo longè posib sispansyon elèv la;
  4. opòtinite pou ke elèv la gen yon odyans ak direktè a regadan sispansyon yo pwopoze a, ki gen ladan li opòtinite pou denye akizasyon yo epi prezante esplikasyon elèv la sou ensidan sipoze an, epi pou paran an asiste odyans la;
  5. dat, lè, epi kote odyans lan ap fèt;
  6. dwa pou elèv la ak paran li gen sèvis entèprèt nan odyans la si yo bezwen patisipe;
  7. si yo ka mete elèv la nan yon sispansyon tèm long apre odyans ak direktè a:
    - a. Dwa ki etabli lan 603 CMR 53.08 (3)(b).
    - b. Avan odyans lan, elèv/paran an ap jwenn opòtinite pou egzamine dosye ak dokiman elèv la ke direktè a ka baze sou yo.
    - c. Elèv la gen dwa pou yon avoka oswa yon moun ki pa pwofesyonèl reprezante li ke lap peye li menm.

- d. Elèv la gen dwa pou mennen yon temwen epi pou prezante espikasyon pa li sou ensidan an. Temwen ki elèv/viktim yo pa oblije konvoke yo si direktè a deside espesifikman, aloral oswa alekri, nan odyans lan, si ke idantifikasyon yon elèv ki temwen, oswa prezans yon temwen/viktim lan odyans lan, kapab mete an danje sekirite fizik li oswa lakòz entimidasyon. Tout temwen dwe volontè epi akonpaye pa yon gadyen si li gen mwens ke 18 an.
  - e. Elèv la gen dwa kesyonnen temwen ke distrik lekòl la prezante yo. Tout temwen dwe volontè epi akonpaye pa yon gadyen si yo gen mwens ke 18 an.
  - f. Elèv la gen dwa pou li mande ke odyans la anrejistre epi pou li resevwa yon kopi anrejistremant odyo a si direktè a te mande yon anrejistremant odyo.
  - g. Yo ka fè apèl pou sispansyon long tèm pou plis pase dis (10) jou youn apre lòt oswa adisyon bay sipè-entandan an nan twa (3) jou ki apre desizyon direktè a epi yo ka pwolonje li pou rive (7) jou kalandriye sou demand.
- Direktè a pral fè efò rezonab pou avèti paran an vèbalman sou opòtinite pou asiste odyans lan. Pou fè yon odyans san paran an pa la, direktè a dwe kapab dokimante efò ki fèt yo pou mete paran an ladan li. Direktè a sipoze te fè de efò rezonab si li te voye avètisman alekri epi te dokimante omwen de (2) esè pou kontakte paran an jan paran an te mande pou avètisman ijans
  - Avètisman alekri pou paran an dwe fèt pa livrezon dirèk ala men, lapòs premye klas, lapòs sètifye, voye pa imel nan yon adrès ke paran an te bay pou konnikasyon ak lekòl yo, oswa nenpòt metòd livrezon ke direktè a ak paran an te aksepte.

Avan ke yon direktè enpoze yon **sispansyon nan lekòl** kòm konsekans pou yon ofans disiplinè li pral fè sak apre yo:

- Direktè a dwe enfòmè elèv la sou akizasyon pou ofans disiplinè a ak baz akizasyon an, epi bay elèv la opòtinite pou li derefize akizasyon an epi espikasyon sikonstans ki te genyen lè ensidan sipoze a pase. Si direktè a detèmine ke elèv la komèt ofans disiplinè yo, direktè a pral enfòmè elèv la sou longè sispansyon nan lekòl la, ki paka depase 10 jou, adisyon oswa youn apre lòt, nan yon lane lekòl.
- Lan menm jou ak desizyon sispansyon nan lekòl la, direktè a dwe fè efò rezonab pou avèti paran an vèbalman sou ofans disiplinè a, rezon ki fè yo jwenn ke elèv la komèt yon enfrazasyon, ak longè sispansyon nan lekòl la. Direktè a dwe an menm tan envite paran an nan yon reyinyon pou diskite sou pèfòmans akademik ak konpòtman elèv la, estrateji pou angajman elèv, ak repons dirèk pou konpòtman an. Reyinyon sa a dwe pwograme nan jou sispansyon an si sa posib, sinon pi vit ke li posib apre sa. Si direktè a pa kapab jwenn paran an apre ke li fè epi dokimante omwen de (2) esè pou li fè sa, esè sa yo ap repwezante efò rezonab yo pou kapab avèti vèbalman paran yo sou sispansyon nan lekòl la.
- Direktè a dwe voye yon avètisman alekri bay elèv lan ak paran an sou sispansyon nan lekòl la, sa gen ladan li rezon ak longè sispansyon nan lekòl la, epi envite paran an nan yon reyinyon ak direktè a. Livrezon avètisman alekri a dwe fèt delamen alamen, pa lapòs sètifye, lapòs premye klas, imel nan yon adrès ke paran an te bay pou konnikasyon ak lekòl la, oswa nenpòt lòt metòd livrezon ke direktè a ak paran an te aksepte.

Nenpòt elèv kap sèvi yon sispansyon nan lekòl, sispansyon tèm kout, sispansyon tèm long, oswa ekspilsyon dwe gen opòtinite pou genyen kredi, jan sa aplikab, fè devwa, tès, papyè, ak lòt travay lekòl jan li bezwen pou fè pwogrè akademik pandan peryòd ke yo retire li nan klas la oswa lekòl la. Direktè a dwe enfòmè elèv la ak paran an pou opòtinite sa a alekri lè yo enpoze yon sispansyon oswa ekspilsyon konsa. Lan tout ka sispansyon andeyò lekòl yo pou elèv PK-3zyèm Ane, direktè a oblije voye yon kopi detèminasyon an alekri bay sipè-entandan an epi esplike rezon ki fè yo enpoze yon sispansyon, avan ke sispansyon tèm kout la kòmanse.

**Ranvwa an Ijans** - Yo kapab ranvwaye yon elèv pou pa plis ke de (2) jou lekòl apre dat yon sispansyon an ijans si elèv la akize pou yon ofans disiplinè epi ke prezans elèv la se yon danje pou moun oswa pwopriyete oswa deranje materyèlman ak sibstansyèlman lòd lekòl la, epi, dapre jijman direktè a, pa gen lòt opsyon pou diminye danje oswa deranjman an. Direktè a pral avèti menm lè a sipè-entandan an alekri sou ranvwa a ak rezon yo fè li an, epi dekri danje ke elèv la reprezante a. Ak sa direktè a pral:

- Fè efò rezonab menm lè a pou avèti vèbalman elèv la ak paran li sou ranvwa an ijans lan ak rezon ki fè ke yo bezwen ranvwa an ijans lan epi swiv pwosedi pou yon sispansyon andeyò lekòl jan yon di anlè a.
- Bay paran yo yon opòtinite pou yo asiste odyans la avan ekspirasyon de (2) jou lekòl yo, amwens ke gen yon pwolongasyon tan pou odyans la ki te aksepte pa direktè a, elèv la, epi paran an.
- Direktè a dwe bay yon desizyon vèbalman lan menm jou odyans lan, epi alekri pa pi ta pase jou lekòl ki apre a dapre desizyon ki fèt pou yon sispansyon tèm kout/long.

Tèks konplè Student Discipline Regulations (Règleman Disiplin Elèv) la disponib sou site entènèt Massachusetts Department of Elementary & Secondary Education lan sou:

<http://www.doe.mass.edu/lawsregs/603cmr53.html>

Yo ta dwe note ke kad règ disiplin sa a gen ladan li tout aktivite an rapò ak lekòl yo, ki gen ladan yo transpò vin lekòl ak soti lekòl avèk aktivite sponsorize pa lekòl la. Elèv yo gen dwa fè apèl desizyon disiplinè yo bay Sipè Entandan Lekòl yo.

## **ATANT TRANSPÒ/OTOBIS**

### **ATANT POU TOUT ELÈV KI PRAN BIS LA**

- Pa kanpe pre lari a lè yap tann bis la rive. Yo pa dwe lanse bagay oswa fè dezòd nan estasyon bis la.
- Monte epi desann sèlman nan lè regilye pwograme pou bis la kanpe.
- Antre nan bis la ak lòd, ale dirèkteman nan plas yo epi rete chita pou jis yo rive kote yo prale a.
- Kenbe bra, men, ak janm andedan bis la.
- Kenbe tout atik tankou liv, ekipman espò, enstriman mizik, elatriye andeyò pasaj la
- Yo entèdi moun sèvi ak telefòn selilè epi aparèy elektwonik lan bis la, menm jan ak lekòl. Telefòn selilè yo dwe sere lan sak do yo epi pa sèvi san pèmasyon direktè a.
- Pa pral gen fimèn nan okenn bis lekòl.
- Pa pral gen manje oswa bwè nan bis lekòl la.
- Pa pral gen okenn fè dezòd, rele, oswa lanse bagay nan bis la.

- Pa pral gen jete fatra nan bis la oswa abime li.
- PÒT IJANS LA DWE SÈVI SÈLMAN LÈ GEN IJANS.
- Elèv yo pa dwe manyen okenn ekipman sekirite nan bis la san bezwen

### **KONSEKANS KONPÒTMAN LAN BIS LEKÒL**

Elèv yo ki pa pran responsablite yo lè yo nan bis la ka jwenn ke yo retire privilèj monte nan bis la swa TANPOREMAN OSWA AN PÈMANANS. Yo PAP ranbouse fanmi yo pou frè ki pèdi lè yo retire pitit yo lan bis la pou rezon disiplinè.

Elèv yo pral anba pwosedi rapò alekri ak aksyon ke sa mennen ki swiv yo:

- Yo pral remèt yon rapò move konpòtman alekri ke chofè bis la fè dirèkteman bay bilding pwensipal la. Direktè a ak/oswa moun li nonmen an pral fè yon ankèt sou plent la apre rapò sa a.
- Lè direktè a panse li apwopriye, paran/gadyen yo pral resevwa yon "premye" avètisman alekri sou pwoblèm lan ak yon avètisman ke dezyèm avètisman an pral fè timoun lan pèdi privilèj monte lan bis la pou yon semèn.
- Twazyèm avètisman alekri a pral mande ke yon konferans fèt ak paran yo epi lè sa a, apre konsiltasyon ak Biwo Sipè Entandan Lekòl yo, elèv la ka pa gen dwa monte bis la pou rès ane a.

Pasaje yo responsab pou byen bis la, epi nenpòt move tretman sou li pral gen rezilta ke moun lan ranbouse founisè transpò a pou domaj sa yo.

### **DISIPLIN POU ELÈV KI GEN ANDIKAP**

Yo atann ke tout elèv yo respekte kondisyon konpòtman ki etabli nan liv gid sa a. Lwa ak Règleman Federal yo egzije ke de aranjman anplis fèt pou elèv ki gen andikap yo. Direktè a oswa moun ki deziyen an dwe avèti Direktè Sèvis Elèv la pou ofans ki ka lakòz sispansyon yon elèv ak swa yon IEP oswa yon Plan Akomodasyon 504.

Pèsonèl Administratif Lekòl la kapab ranvwaye yon elèv ki gen andikap nan lekòl la pou yon vyolasyon disiplinè pou pa plis ke 10 jou youn apre lòt (akondisyon ke opsyon sa yo aplike pou elèv ki pa gen andikap), epi pou renvwa anplis pou pa plis ke 10 jou nan menm ane lekòl la pou de ensidan move konpòtman separe (depi ke ranvwa sa yo pa chanjman nan plasman) egal ak disiplin ki pa enpoze sou elèv ki pa gen andikap yo pou menm ofans lan. IDEA 2004, Section §615 (k) (1) (B).

Apre ke yon timoun ki gen andikap fin ranvwaye soti nan plasman li pou jou lekòl nan menm ane a, pandan nenpòt jou apre yo ranvwaye li, timoun lan dwe kontinye resevwa sèvis ki pèmèt li patisipe nan pwogram edikasyon jeneral la, malgre ke li nan yon lòt anviwònman, epi pou li fè pwogrè pou li rive jwenn objektif yo ke yo di lan IEP timoun lan; epi timoun lan dwe resevwa, kòm sadwa, yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl, ak sèvis entèvansyon konpòtman yo ak chanjman, ki fèt pou adrese vyolasyon konpòtman an pou sa pa rive ankò.

Nan 10 jou yo kap swiv desizyon pou chanje plasman yon timoun ki gen andikap akòz yon vyolasyon yon règ konpòtman elèv, distrik la, paran an(yo), ak manm ki konsène nan Ekip IEP timoun lan dwe egzamine tout enfòmasyon ki gen rapò yo nan dosye elèv la, sa gen ladan li IEP timoun lan, nenpòt obsèvasyon pwofesè yo, ak nenpòt enfòmasyon an rapò ke paran oswa gadyen yo bay pou detèmine si:

1. Konpòtman konsène a te fèt akòz, oswa te gen yon relasyon dirèk epi enpòtan ak, andikap timoun lan, oswa
2. Konpòtman konsène a te yon rezilta dirèk echèk distrik la nan egzekisyon IEP an. Yo dwe detèmine ke konpòtman an se yon manifestasyon andikap timoun lan si distrik la, paran an, ak manm konsène nan Ekip IEP timoun lan yo detèmine ke yon kondisyon ki swa nan paragraf (i) oswa (ii) te respekte. Ekip la pral fè yon konsta, yon detèminasyon pou manifestasyon, si gen rapò ant move konpòtman elèv la ak kondisyon andikap li, fè yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl si sa apwopriye, epi modifye oswa amande IEP a pou bay sèvis Edikasyon Espesyal yo pandan sispansyon an, oswa pou mete yon plan entèvansyon konpòtman ladan li. Si distrik la, paran an(yo), ak manm Ekip IEP konsène yo detèmine ke konpòtman an te yon manifestasyon andikap timoun lan, Ekip IEP a dwe:
  - (a) Swa; (a) Fè yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl amwens ke distrik la te fè yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl avan konpòtman an ki te gen kòm rezilta yon chanjman plasman ki te rive epi te egzekte yon plan entèvansyon konpòtman pou timoun lan, oswa (b) Si yon plan entèvansyon konpòtman te deja devlope, egzamine plan entèvansyon konpòtman an epi modifye li jan sa nesesè pou adrese konpòtman an epi
  - (b) Eksepte jan yo di nan 34CFR 300.530(g) seksyon sa a, retounen timoun lan nan plasman ke yo te retire li a, amwens ke paran an ak distrik la dakò pou yon chanjman plasman kòm yon pati nan modifikasyon plan entèvansyon konpòtman an.

Gen de sikonstans espesyal kote ke distrik la kapab poukont li retire yon elèv epi mete li nan yon anviwònman Interim Alternative Education (Edikasyon Altènatif Enterimè) san kenbe kont si konpòtman an te detèmine kòm yon manifestasyon andikap timoun lan. Espesifikman, pèsonèl lekòl la kapab retire yon elèv nan yon Edikasyon Altènatif Enterimè pou pa plis pase 45 jou san kenbe kont si konpòtman an te detèmine kòm yon manifestasyon andikap timoun lan si timoun lan:

1. Gen yon zam sou li oswa posede yon zam nan lekòl la, sou teren lekòl la, oswa pote oswa posede yon zam nan yon evenman nan yon lekòl ki sou jiridiksyon distrik la, oswa:
2. Volontèman posede oswa itilize dwòg ki pa legal oswa vann oswa mande pou vann yon sibstans kontwole pandan li nan lekòl la, sou teren lekòl la, oswa nan yon evenman nan yon lekòl ki sou jiridiksyon distrik la, oswa:
3. Te lakòz blesi kòporèl grav sou yon lòt moun pandan yo lekòl la, nan lokal lekòl yo, oswa nan yon evenman nan yon lekòl ki sou jiridiksyon distrik la.

Lan dat ke yo te pran desizyon pou fè yon ranvwa ki se yon chanjman plasman yon timoun ki gen andikap akòz yon vyolasyon règ konpòtman lekòl la, distrik la dwe avèti paran yo pou desizyon sa a, epi bay paran yo avètisman pwosedi pwoteksyon yo ke yo dekri nan 34 CFR 300.504. Direktè etablisman an pral avèti Direktè Sèvis Elèv la, epi lap avèti Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè a jan plan aksyon an egzije a. Chanjman lwa eta oswa federal ki vin apre yo ap ranplase règleman ki kontrè yo nan liv gid lan.

Yon elèv ki poko kalifye pou Edikasyon Espesyal kapab pwotege dapre règleman IDEA 2004 yo si yo ka konsidere ke distrik la te konnen ke elèv la te gen yon andikap. Yo ta dwe konsidere ke distrik la gen konesans ke yon timoun gen yon andikap si avan konpòtman ki lakòz aksyon disiplinè a te fèt:

1. Paran timoun lan te pale de enkyetid li alekri bay yon pèsònèl sipèvizyon oswa administratif ki nan yon ajans edikasyon apwopriye, oswa yon pwofesè timoun lan, ke timoun lan bezwen Edikasyon Espesyal ak sèvis ki gen rapò yo, oswa:
2. Paran timoun lan(yo) te mande yon evalyasyon timoun lan dapre Sec 300.300 through 300.311, oswa:
3. Pwofesè timoun lan oswa lòt pèsònèl distrik la ekspri de enkyetid espesifik pou yon seri konpòtman timoun lan montre direktman bay Direktè Sèvis Elèv ajans lan oswa pèsònèl sipèvizyon ajans lan.

Yo pap konsidere ke distrik la okouran si:

1. Paran timoun lan:
  - (a) Pat aksepte yo fè yon evalyasyon timoun lan dapre 34 CFR 300.300 rive 300.311, oswa
  - (b) Te refize sèvis anba IDEA
2. Yo te evalye timoun lan an akò avèk Sec. 300.300 rive nan 300.311 epi yo te detèmine ke li pa yon timoun ki gen andikap dapre pati sa a.

Si distrik la pa gen konesans ke yon timoun ki gen andikap (dapre paragaf (b) ak (c) nan seksyon sa a) avan ke yo pran mezi disiplinè kont timoun lan, timoun lan ka jwenn mezi disiplinè ki aplike pou timoun ki pa gen andikap ki angaje nan menm kalite konpòtman sa yo. Si yo fè yon demand pou yon evalyasyon yon timoun pandan peryòd tan ke timoun lan genyen de mezi disiplinè dapre 34 CFR 300.530, evalyasyon an dwe fèt nan yon fason akselere.

Pou jis evalyasyon an fini, timoun lan ap rete nan plasman edikasyon ki te detèmine pa otorite lekòl yo, sa ki ka gen ladan li sispansyon oswa ranvwa san sèvis edikasyonèl. Si yo detèmine ke timoun lan se yon timoun ki gen andikap, lè yo konsidere ke enfòmasyon nan evalyasyon ke paran yo te bay, ajans lan dwe bay sèvis Edikasyon Espesyal ak sèvis ki gen rapò yo an akò ak pati sa a, ki gen ladan li kondisyon yo ki nan 34 CFR 300.530 rive nan 300.536 ak IDEA 2004 section 612 (a)(1)(A).

Paran yon timoun ki gen andikap ki pa dakò ak nenpòt desizyon ki konsène plasman nan kontèks sa a pou detèminasyon manifestasyon an oswa yon distrik ki kwè ke kenbe plasman timoun lan ladan li a siseptib anpil pou gen kòm rezilta fè timoun lan mal oswa lòt moun gen dwa fè apèl pou desizyon an epi pou fè sa mande yon odyans ak Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè Biwo Apèl Edikasyon Espesyal.

#### **Disiplin Elèv Ki Gen Andikap Dapre Seksyon 504**

1. An tan ke lwa kont diskriminasyon, Seksyon 504 entèdi distrik la pou li pini elèv ki gen andikap pi di pase elèv ki pa gen andikap ta dwe pini nan menm sikonstans yo. Anplis, elèv ke yo idantifye ki gen andikap dapre Seksyon 504 yo pa gen dwa mete yo deyò oswa sispann yo nan lekòl la pou plis pase 10 jou nan yon ane lekòl pou move konpòtman ki se yon manifestasyon andikap elèv la.
2. Si yon sispansyon pa depase 10 jou lekòl youn apre lòt epi pa gen pou rezilta ke elèv la resewva plis pase 10 jou lekòl sispansyon adisyonen pandan ane lekòl la, yo gen dwa pini elèv la menm jan ak yon elève ki pa gen andikap nan menm sikonstans yo. Yo ka sispann elèv la pou plis pase 10 jou, youn apre lòt oswa adisyonen, sèlman si Ekip Seksyon 504 la detèmine ke konpòtman konsène a pat yon manifestasyon andikap elèv la.

3. Si yo pwopoze yon sispansyon ki depase limit 10 jou a, Ekip Seksyon 504 la dwe reyini epi fè detèminasyon manifestasyon dapre pwosedi detèminasyon manifestasyon distrik 504 yo.
4. Malgre sa, yon egzamen detèminasyon manifestasyon pa obligatwa, kelkeswa longè sispansyon oswa ekspilasyon an, si elèv la te abitye sèvi ak alkòl oswa dwòg ki pa legal yo epi konpòtman ki bay pou rezilta yon aksyon disiplinè se yon enfraksyon alkòl oswa dwòg. Nan sikonstans sa yo, yo ka pini elèv la menm jan ak lòt elèv yo nan menm sikonstans yo.



### MALADI, PREMYE SEKOU AK IJANS

Chak ane yo mande paran yo pou mete enfòmasyon kontak ijans yo ajou lan dosye lekòl la pou pitit yo. Li enpòtan anpil ke enfòmasyon sa a rete ajou. Lan ka ke yo ta bezwen paran yo, non kòrèk, adrès, ak nimewo telefòn yo enpòtan.

Paran/gadyen elèv yo ki gen maladi kronik ta dwe rankontre enfimye lekòl la epi devlope yon plan swen sante. Enfimye lekòl la pral evalye maladi ki vin parèt lan lekòl la. Kelke gid enfimri pou voye yon timoun lakay li soti lekòl se:

grip/touse; tanperati plis ke 100 degre; mal vant ak vomisman/dyare; kondisyon enfeksyon tankou enfeksyon gòj, gratèl ke yo pa konn orijin li, enfeksyon po, enpetigo ak konjonktivite (azoumounou); ak doulè tankou mal zòrèy, mal dan ak mal tèt. Gid sa yo itil pou paran/gadyen yo ka detèmine si yon timoun ta dwe rete lakay li pou jounen an. Absans lekòl pou maladi pi long pase de jou mande yon nòt doktè. Yo ankouraje tout paran/gadyen yo pou kontakte enfimye lekòl la si yo ta gen nenpòt enkyetid sou eta sante pitit yo a.

Lan ka ke gen blesi, aksidan oswa lòt ijans, enfimye lekòl la pral bay premye sekou pou jis yo ka jwenn paran yo. Lan ka ke gen yon ijans grav, yo pral ranje transpò lopital lan anbilans.

Elèv yo ki gen blesi ki mande bekiy oswa lòt akomodasyon lan lekòl la gen pou yo bay yon nòt doktè ki gen enstriksyon egzak sou limit aktivite nan lekòl la.

Pou paran yo ki gen kwayans relijye ki anpeche ke yo sèvi ak èd medikal sa yo, yo dwe bay lekòl la yon deklarasyon siyen ki esplike sa epi renouvle li chak ane.

### ADMINISTRASYON MEDIKAMAN AK PRESKRIPSYON AK SAN PRESKRIPSYON

Norwood Public Schools mande ke fòm ki apre yo lan dosye avan ke yo bay okenn medikaman ak preskripsyon oswa san preskripsyon nan lekòl la oswa yon vizit andeyò:

1. **Yon konsantman pou bay medikaman ke paran oswa gadyen an siyen.** Fòm yo disponib lekòl la oswa sou sit entènèt NPS la. Tanpri siyen epi retounen li bay enfimye lekòl la.
2. **Preskripsyon doktè** Preskripsyon alekri doktè a dwe fakse oswa remèt lan men bay enfimye lekòl la.
3. Preskripsyon doktè ak pèmasyon paran dwe renouvle chak ane akademik.

Paran/gadyen yo ta dwe pote medikaman yo bay enfimye lekòl la. Medikaman an dwe gen etikèt kòrèk la epi lan yon bwat ak etikèt famasi oswa fabrikan an. Tanpri mande famasyon ou bay boutèy separe pou lekòl ak lakay.

### DEPISTAJ SANTE

Chak ane yo fè depistaj pou pwoblèm vizyon ak tandè pou elèv Jadendanfan-5yèm, 7yèm epi 9yèm ane. Yo fè depistaj tou pou pwoblèm pozisyon kò pou elèv 5-9yèm ane. Paran oswa gadyen ke pitit yo pa gen bon rezilta lan depistaj vizyon, tandè oswa pozisyon kò yo, enfimye a pral avèti yo. Apre ke yon pwofesyonèl kalifye fin evalye yon timoun, yo ta dwe pataje yon rapò swivi ak enfimye lekòl la pou yo ka fè akomodasyon apwopriye nan lekòl la pou timoun lan.

Yo pran pwa epi mezire elèv yo ki lan klas 1ye, 4yèm, 7yèm ak 10yèm ane epi yon rapò sou BMI ak pousantaj kalkile chak elèv disponib pou paran/gadyen yo ki mande enfimye lekòl pitit yo a.

Norwood Smiles se yon patenarya ant Norwood Public Health (Depatman Sante Piblik Norwood) ak School Department (Depatman Lekòl). Yo ofri depistaj dantè pa Dantis lekòl la, Dr. Despina Liakos, pou elèv 1ye-6yèm ane chak Otòn. Yap poste rapò depistaj yo bay paran yo, pou refere elèv yo lan Klinik Dantè Lekòl la oswa dantis prive yo a pou netwayaj ak pansman. Klinik Dantè Lekòl la plase lan biwo Dr. Liakos la. Yap aksepte asirans dantè. Pou elèv yo ki pa gen asirans dantè, pri sèvis yo pral kouvri pa pwogram Norwood Smiles la. Paran yo responsab pou fè randevou yo, transpòte epi akonpaye pitit yo kay dantis la.

SBIRT (Screening, Brief Intervention and Referral to Treatment) (Depistaj, Entèkansyon Rapid, epi Referans pou Tretman) fèt lan klas 7yèm ak 10yèm ane. Enfimye lekòl la oswa konseye oryantasyon an fè depistaj la chak moun apa epi an prive pou evalye konesans yo sou itilizasyon/abi sibstans ak lòt konpòtman ki gen risk. Yon swivi fèt ak patisipasyon elèv la. Rezilta depistaj yo pa antre nan dosye lekòl oswa sante elèv la epi yo pa pataje ak pèsonèl akademik oswa atletik lekòl la.

Paran/gadyen legal yo ki pa swete ke pitit yo patisipe lan kelke oswa tout depistaj ki di anlè a dwe avèti enfimye lekòl la alekri sou demann sa a. Fanmi ki derefize depistaj ke Eta a mande lan lekòl yo (vizyon, tandè, pozisyon kò, ak BMI) dwe pay yon dokiman ki di ke yon doktè te fè depistaj la.

Depistaj Pediculosis (Pou) pa fèt regilyèman ankò lan lekòl sou rekòmandasyon American Academy of Pediatrics and National Association of School Nurses lan. Yo pral avèti paran yo si yo jwenn ke pitit yo a gen pou lan tèt li nan lekòl la. Enfimye lekòl la pral bay paran yo enfòmasyon sou tretman pou lan tèt epi travay ak fanmi yo pou rive rezoud kondisyon an.

## **DOSYE SANTE**

Yon dosye fizik epi elektwonik (òdinatè) pou chak timoun nan men enfimye lekòl la. Li gen ladan li vaksinasyon, rezilta depistaj anlè a, wotè, pwa, dosye egzamen medikal, ak nenpòt lòt enfòmasyon medikal ki gen rapò. Tout vizit nan biwo sante ak swen enfimye yo anrejistre tou sou òdinatè a. Norwood Public Schools angaje li pou pwoteje vi prive elèv yo. Enfòmasyon medikal yo ap rete konfidansyèl amwens ke nou resevwa konsantman siyen yon paran/gadyen pou pataje oswa diskite bezwen swen sante ak moun ke paran/gadyen an chwazi.

## **RÈGLEMAN BYENNÈT**

Norwood Public Schools angaje li pou bay yon anviwònman lekòl ki ankouraje epi pwoteje byennèt pou tout lavi.

Règleman Byennèt la asire ke:

- Pwogram Nitrisyon Lekòl a koresponn chak jou ak lwa federal, eta epi lokal yo epi ke li aksesib pou tout elèv yo and is accessible to all students
- Pwogram manje lekòl la fè tout posib li pou amelyore sante elèv yo lè li ankouraje manje sen, pandan ke lap respekte preferans kiltirèl manje ak bezwen dyèt espesyal yo

- Distrik la pral bay edikasyon sou nitrisyon epi angaje lan pwomosyon nitrisyon pou tout elèv
- Distrik la ankouraje edikasyon sante apwopriye ak laj lan kominote lekòl la
- Itilizasyon manje pou rekonpans oswa ankourajman entèdi amwens ke IEP yon elèv endike espesifikman pou sèvi ak manje kòm pati nan yon pwogram chanjman konpòtman
- Lekòl yo ankouraje fèt klas san manje.
- Pèsonèl ak elèv yo pap pataje manje. Yo entèdi ke paran yo voye goute pou pataje ak tout sal klas la san pèmisyon pwofesè.
- Distrik la pral bay opòtinite pou tout elèv yo pou patisipe lan aktivite fizik epi pou yo konprann kisa wòl aktivite fizik la vle di pou yon estil lavi an sante.
- Dekouraje refi edikasyon fizik oswa rekreyasyon kòm pinisyon
- Distrik la rekonèt enpòtans kritik byennèt sosyal ak emosyonèl, epi ke aprantisaj sosyal ak emosyonèl se yon pati lan pwogram edikasyon preK-12yèm ane a.
- Kolaborasyon san rete ak IMPACT Norwood, Minds Matter Coalition, ak Depatman Sante Norwood pou amelyore opòtinite byennèt pou elèv, gwoup pwofesè epi pèsonèl.

Konsèy Sante Lekòl la dwe gen ladan li moun soti lan tou de, sistèm lekòl la ak kominote a, ak ladan li elèv, paran, pwofesè, administratè, pwofesyonèl sèvis manje, pwofesyonèl lasante, manm baze sou kwayans, epi manm enterese lan kominote a. Konsèy la reyini kat fwa pa ane pou fasilite konesans lwa eta ak règleman nouvo epi kouran yo regadan nitrisyon, aktivite fizik epi sante sosyal ak emosyonèl elèv yo. Konsèy Sante Lekòl la pral evalye epi apresye Règleman Byennèt la chak de zan. Si ou enterese pou vin lan Konsèy Sante Lekòl la tanpri kontakte prezidan an, Ryan Quigley, lan [rquigley@norwood.k12.ma.us](mailto:rquigley@norwood.k12.ma.us)

## RÈGLEMAN/LWA AN RAPÒ

### PREZANS LEKÒL

Komite Norwood School la kwè anpil nan enpòtans prezans regilye pou tout elèv yo. Komite a swiv, epi respekte konplètman, Chapit 76 nan lwa Commonwealth of Massachusetts yo, ki defini règleman prezans yo. Eksepte nan ka maladi yo oswa sikonstan espesyal yo, yo atann ke elèv yo prezan lè lekòl ap fonksyone. Elèv ki pa nan klas a 7:50 AM yap make yo absan pou jou a. Elèv ki rive anreta lekòl dwe ale nan biwo prensipal la pou asire presizyon dosye prezans lekòl la.

Tanpri konnen ke kòmanse ak ane lekòl 2018-2019 la, absanteyis kronik se yon pati nan Massachusetts Public School Accountability Score (Pwen Responsablite Lekòl Piblik Massachusetts). Enpòtans prezans nan lekòl pou aprantisaj yon elèv menm jan ak byennèt emosyonèl li pap janm twòp.

Paran/gadyen yo dwe rapòte nenpòt absans bay biwo prensipal lekòl elemantè yo a.

### Lwa Eta Konsène yo

Prezans regilye lekòl enpòtan anpil pou siksè akademik ak sosyal yon elèv. Dapre M.G.L. Chapit 76, Seksyon 1 nan Lwa Jeneral Massachusetts yo, lekòl yo ka eskize jiska sèt (7) absans nesèsè oswa katòz (14) demi jounen absans lan yon peryòd sis mwa.

Anplis, M.G. L. Chapit 76, Seksyon 1B egzije ke lekòl la avèti yon paran pou okenn "elèv ki gen omwen 5 jou ke elèv sa a rate 2 oswa plis peryòd san eskiz nan yon ane lekòl oswa rate 5 oswa plis jou lekòl san eskiz nan yon ane lekòl." Lwa a egzije ke administratè lekòl yo oswa moun yo nonmen an pou pwograme yon reyinyon ak paran oswa gadyen yo pou elèv sa a. Ekip sa a - elèv la, paran oswa gadyen yo, ak direktè a oswa ranplasan an - ka enplike lòt pèsònèl lekòl, ofisyèl sekirite piblik konsène, sèvis sante ak imen, lojman ak ajans san pwofit yo.

***Si yon timoun absan pou twa oswa plis jou yon apre lòt, yon paran kapab rele biwo a epi mande ke pwofesè pitit li yo bay nenpòt travay li te rate. Nou mande ke ou bay avètisman yon jou avan ke ou pwograme vin chèche materyèl yo.***

### Vwayaj Fanmi

Yo akouraje paran/gadyen yo pou pwograme vwayaj familyal yo lè pa gen lekòl. Paran/gadyen ki retire elèv yo lekòl pou vwayaje nan tan ki pa lan sa ke yo di sou kalandriye lekòl la kòm "peryòd vakans yo," dwe konnen ke absans sa yo pa eskize epi travay gen dwa pa disponib touswit. Yo rekomande ke paran yo kominike ak pwofesè a epi lekòl la bonè nan ka ke gen yon vwayaj fanmi pandan tan lekòl la. Tanpri note ke pa gen ranplasan pou aprantisaj ki fèt lan anviwònman lekòl la, tanpri ankouraje elèv ou a, menm lè li tounen an, pou li pwograme tan ak pwofesè li yo pou asire ke li ratrape sou tout travay li yo.

### **Absanteyis ak Pa Vin Lekòl**

Tout elèv ki depase 10 oswa plis absans san eskiz pandan ane an yo kapab konsidere li absan kronikman. Sa ta dwe mande yon reyinyon paran ak yon plan aksyon pou elèv la, menm si elèv la gen mwens ke 5 absans eskize. Tanpri note ke, absans medikal oswa relijye eskize valab ak dokimantasyon kòrèk pa antre nan konte sa yo. Elèv yo pap pini nenpòt kijan pou pa vin lekòl pou rezon yo ki pwotege dapre Lwa Dwa Sivil yo oswa resevwa sèvis sante kòrèk yo.

Lè tout lòt opsyon yo fini, ak ladan yo enskripsyon nan pwogram Image Plus la, yon elèv ak absanteyis kwonik kapab konsidere kòm pa vin nan kou epi swa yo ka fè yon rapò 51A bay Massachusetts Department of Children and Families (Depatman Timoun ak Fanmi Massachusetts), oswa yon petisyon CRA (Child Requiring Assistance) (Timoun ki Bezwen Asistans) ka bay nan Massachusetts Juvenile Court Department (Depatman Tribinal Jèn Moun Massachusetts) sou desizyon direktè a epi dapre lwa eta ki aplikab la.

### **RÈGLEMAN ITILIZASYON RESPONSAB**

Norwood Public Schools bay aksè pou tout elèv lan rezo teknoloji/òdinatè, ak ladan li aksè nan rezo ekstèn, pou objektif edikasyonèl. Objektif teknoloji edikasyonèl la se ede prepare elèv yo pou reyisi nan lavi ak lan travay lè yo ba yo aksè lan yon gwo varyete enfòmasyon ak kapasite pou kominike ak lòt moun. Aksè lan rezo a se yon privilèj, se pa yon dwa. Pou yo asire ke yo itilize rezo a pou rezon edikasyonèl jan yo atann lan, epi pa itilize yon fason ki pa apwopriye, komèsyal oswa rezon ki pa legal, Norwood Public Schools te adopte Yon Règleman Itilizasyon Responsab. Pou elèv yo ka sèvi ak rezo a lan nivo elemantè a, paran/gadyen yo dwe rekonèt ke yo resevwa epi konprann tout règleman ak pwosedi administratif yo ki kontwole itilizasyon sistèm lan epi dwe aksepte alekri pou yo respekte règleman ak pwosedi sa yo. Pa respekte règleman ak pwosedi aplikab yo ka bay kòm rezilta sispansyon oswa anilasyon privilèj itilizatè yo ak lòt aksyon disiplinè ki koresponn ak règleman Norwood Public Schools yo. Yon fòm Antant pou Itilizasyon Responsab pou siyati pral disponib pou paran/gadyen yo ak tout tèks Règleman Itilizasyon Responsab la.

### **LWA AMERIKEN KI GEN ANDIKAP**

Norwood Public Schools pa fè diskriminasyon sou baz andikap nan fonksyonman pwogram edikasyon yo, aktivite andeyò kou yo, evenman piblik, oswa travay. Nenpòt kesyon, plent, oswa demand pou akomodasyon kapab soumèt bay atansyon Kowòdinatè ADA an.

Paran yo kapab kontakte **Kowòdonatè ADA** a, Direktè Bilding ak Lakou yo, lè yo ekri James R. Savage Educational Center, 275 Prospect Street, Norwood, MA 02062 oswa rele 781-762-6804 ekstansyon 5830.

Moun ki bezwen materyèl enprime nan fòm ranplasman (enprime an gwo, tep odyo, elatriye.) èd oksilyè pou kominikasyon, oswa lòt sèvis pou patisipe nan pwogram yo ta dwe idantifye bezwen yo pou pèsònèl lekòl la an pèsòn oswa alekri.

## RÈGLEMAN ENTÈDIKSYON AK PREVANSYON BRIMAD

Brimad se yon fòm pèsekisyon. **Norwood Public School** rekonèt ke brimad ak pèsekisyon gen yon efè negatif sou pwosesis edikasyon an.

**Obligasyon pou Rapòte 370(g)** - Lwa ki enpoze kondisyon rapò **obligatwa** yo pou tout manm pèsònèl lekòl yo, pa sèlman tout pèsònèl anseyan yo, pou yo imedyatman rapòte nenpòt ak brimad oswa vanjans ke manm pèsònèl la swa temwen, oswa vin aprann, bay direktè oswa moun lekòl la nonmen an. Pèsònèl la dwe rapòte menm lè a nenpòt ka brimad oswa vanjans ke manm pèsònèl la temwen oswa vin konnen bay Direktè a oswa ofisyèl lekòl la idantifye nan plan an kòm responsab pou resevwa rapò sa yo oswa tou de.

### 1. **Definisyon Brimad** (soti nan “*Chapit 92 nan Lwa 2010 - YON LWA KI GEN RAPÒ AK BRIMAD NAN LEKÒL YO.*”)

- a. *Brimad* - Itilizasyon an plizyè fwa pa youn oswa plis elèv yon ekspwesyon ekri, vèbal, oswa elektwonik, oswa yon ak oswa jès fizik oswa nenpòt nan konbinezon sa yo, dirije sou yon viktim ki: lakòz fè mal fizik oswa emosyonèl pou viktim lan oswa domaje byen viktim lan; (ii) mete viktim lan yon laperèz rezonab pou fè tèt li mal oswa domaje byen li; (iii) kreye yon anviwònman ostil pou viktim lan nan lekòl la; (iv) vyole dwa viktim lan nan lekòl la; oswa (v) deranje materyèlman ak sibstansyèlman pwosesis edikasyon an oswa bon fonksyonman yon lekòl. Pou rezon nan seksyon sa a, **brimad dwe gen ladan li brimad pa entènèt ak vanjans.**
  - b. *Cyber-bullying (Brimad pa Entènèt)* - brimad atravè itilizasyon teknoloji oswa nenpòt kominikasyon elektwonik, ki dwe gen ladan yo, men pa limite ak, nenpòt transfè siy, siyal, ekriti, imaj, son, done oswa entelijans nan nenpòt nati ki transmèt antye oswa an moso pa yon sistèm kab, radyo, elektwomayetik, fotoelektronik, oswa foto optik, ak ladan yo, men pa limite ak, kourye elektwonik, kominikasyon entènèt, mesaj dirèk, oswa kominikasyon pa faks. Brimad pa entènèt gen ladan li (i) kreyasyon yon paj entènèt oswa blòg ke ladan li moun ki kreye li pran idantite yon moun oswa (ii) pran idantite yon lòt moun volontèman pou fè kòm si se moun sa a ki fè kontni oswa mesaj ki poste yo, si kreyasyon oswa pran pòz se yon lòt ki lakòz nenpòt lan kondisyon ke yo site nan pati (i) rive nan (v) enkli, definisyon brimad la. Brimad pa entènèt dwe gen ladan li distibisyon pa yon mwayen kominikasyon elektwonik bay plis pase yon moun oswa poste materyèl sou yon medyòm elektwonik ke youn oswa plis moun kapab gen aksè a li, si distibisyon oswa pòs la kreye nenpòt lan kondisyon ke yo di nan seksyon (i) rive nan (v),enkli, nan definisyon brimad la.
  - c. *Vanjans* - Nenpòt fòm entimidasyon, reprezay, oswa pèsekisyon ki dirije sou yon elèv ki rapòte brimad, bay enfòmasyon pandan yon ankèt pou brimad, oswa temwen oswa gen enfòmasyon valab sou brimad.
2. **Brimad Entèdi** - Konpòtman sa a deranje pwosesis edikasyon an; alò, fè konnen ke brimad pa yon konpòtman akseptab nan Norwood Public School epi li entèdi.
  3. **Brimad Dwe Entèdi** - (a) sou teren lekòl yo, pwopriyete ki touswit akote teren lekòl la yo, oswa nan aktivite lekòl la òganize yo, evenman oswa pwogram aswè sou oswa andeyò teren lekòl la, nan estasyon bis lekòl yo, nan bis la, oswa lòt machin posede, lwe oswa itilize pa yon distrik lekòl oswa yon lekòl; epi (b) lan kote, aktivite, evenman, oswa pwogram ki pa an rapò ak lekòl, oswa atravè itilizasyon teknoloji, oswa aparèy elektwonik ki pa posede, lwe oswa itilize pa yon lekòl oswa distrik lekòl, pou fè brimad kreye yon anviwònman ostil nan lekòl pou viktim lan, vyole dwa viktim lan nan lekòl la oswa materyèlman epi sibstansyèlman deranje pwosesis edikasyon oswa bon fonksyonman yon lekòl.

#### 4. Etap pou Rezoud

- a. *Entèvansyon Pèsonèl la* - Manm pèsonèl yo ki obsève oswa vin aprann ke yon ak brimade fèt pral pran aksyon apwopriye imedyatman pou entèvni, amwens ke yon entèvansyon ta ka mete sekirite manm pèsonèl la oswa elèv la(yo) an danje. Si gen yon baz rezonab pou kwè ke manm pèsonèl la pat kapab rezoud pwoblèm lan, oswa si brimad la kontinye, manm pèsonèl la dwe rapòte afè a bay administratè konsène a pou plis ankèt.
- b. *Elèv yo ak Paran yo Dwe Rapòte Brimad* - Elèv ak paran yo ki vin okouran brimad ta dwe rapòte sa bay administratè konsène a pou plis ankèt. Menm jan an, elèv oswa paran yo dwe pou yo rapòte yon insidan brimad sèvi ak nenpòt nan twa opsyon ki sou sit entènèt brimad distrik la lè yo ale sou [www.norwood.k12.ma.us/about/bullying-information](http://www.norwood.k12.ma.us/about/bullying-information). Yo aksepte rapò "anonim"; men, yo paka pran aksyon disiplinè kont yon elèv sou baz rapò anonim. Nenpòt elèv ki pran vanjans kont yon lòt ki rapòte brimad ka resevwa de konsekans disiplinè. Menm jan an, nenpòt elèv ki volontèman fè fo akizasyon brimad oswa vanjans pral resevwa konsekans disiplinè.
- c. *Ankèt* - Lan ka ke gen brimad sipoze oswa pèsistan, brimad pa entènèt, oswa vanjans, yon administratè pral ankete sou afè a. Ankèt la ka gen ladan li, men pa sèlman, konvèsasyon ak elèv yo, paran yo, epi pèsonèl lekòl.
- d. *Estrateji Entèvansyon/Konsekans/Prevansyon* - Si yo jwenn ke brimad yo vre, administratè konsène a pral pran aksyon rezonab pou fè l rete epi anpeche ke li rekòmanse. Etap sa yo ka gen ladan yo, men pa limite ak, separe epi sipèvize elèv konsène yo; kontakte paran/gadyen moun ki lakòz la ak pa viktim lan; bay sipò konsèy pou elèv epi opsyon referans sèvis pou manm fanmi apwopriye yo jan sa nesèsè; kowòdone yon plan sipèvizyon avèk èd pèsonèl la; kontra elèv ak devlopman yon plan sekirite; reyinyon ak Ofisye Resous Lekòl la. Elèv ki fè brimad oswa vanjans kont lòt yo ka resevwa aksyon disiplinè tou, ak ladan yo avètisman, konferans paran, detansyon, sispanasyon, ak/oswa ekspilasyon. Si administrasyon lekòl la detèmine ke te gen brimad oswa vanjans, administratè konsène a pral avèti ajans ranfòsman lalwa lokal la si administrasyon an kwè ke akizasyon kriminel kapab fèt pou moun ki fè krim lan.
- e. *Detèminasyon*: Si paran oswa gadyen an pa satisfè ak desizyon direktè an nan ankèt la, paran an gen dwa fè apèl bay Kowòdinatè Brimad distrik la owa Sipè-entandan an. Si paran yo rete pa satisfè ak repons distrik la, yo kapab kontakte Sistèm Rezolisyon Pwogram Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè a nan [compliance@doe.mass.edu](mailto:compliance@doe.mass.edu) oswa rele 781-338-3700.

Elèv ki angaje nan nenpòt ak brimad pandan yo lekòl, nan nenpòt evenman lekòl, ki gen koneksyon ak, oswa nenpòt aktivite òganize pa distrik oswa evenman, oswa pandan yo sou wout vinin oswa sòti lekòl, ka sibi aksyon disiplinè, pou jis rive nan sispanasyon oswa ekspilasyon. Ofisyèl ranfòsman lalwa yo pral resevwa avètisman sou ensidan brimad yo.

**NÒT:** Brimad sou Entènèt kouvri pa règleman Liv Gid sa a.

#### **ABI AK NEGLIJANS SOU TIMOUN**

Chapit 439 - yon lwa ki mande ke komite lelòl yo avèti pèsonèl lekòl la sou egzijans pou rapòte abi ak neglijan sou timoun.

Chapit 71 lan Lwa Jeneral yo te amande lè yo ajoute seksyon ki swiv la apre §37K:

Seksyon 37L - Komite lekòl la lan chak distrik lekòl vil, vilaj oswa rejyonal ta dwe enfòmè pwofesè yo, administratè yo, ak lòt pèsonèl pwofesyonèl sou egzijans pou rapòte abi ak neglijan sou timoun jan yo di lan §51A rive §51F, ladan li, lan Chapit 119.

Tèks Chapit 119, §51A a, yo ka jwenn li lan sèten Lwa Jeneral pou Komite Lekòl ak Pèsonèl Lekòl yo. Nap travay ak Biwo Egzekitif Sèvis Imen an pou aplike nouvo lwa sa a.

### **RÈGLEMAN EGZIJANS C.O.R.I**

Se règleman Norwood Public Schools pou li jwenn tout enfòmasyon sou Dosye Ofansè Kriminèl (Criminal Offender Record Information) (C.O.R.I.) lan men Sèvis Enfòmasyon Depatman Jistis Kriminèl (Department of Criminal Justice Information Services) (DCJIS) sou anplwaye (yo) oswa volontè (yo) Depatman Lekòl la ak ladan yo nenpòt moun ki fè transpò an rapò ak lekòl pou timoun, ki kapab gen kontak dirèk epi san kontwòl ak timoun, avan ke yo angaje anplwaye sa a(yo) oswa aksepte nenpòt moun kòm volontè. Lwa eta a mande ke distrik lekòl la jwenn done C.O.R.I. pou anplwaye konpayi taksi ki gen kontra ak lekòl la pou fè transpò elèv yo.

Sipè Entandan an, oswa si li pa la, Asistan Sipè Entandan an dwe tanzantan, men pa mwens ke chak twa lane, jwenn tout Dosye Ofansè Kriminèl lan men Criminal History Systems Board la sou tout anplwaye, moun yo ki fè regilyèman transpò an rapò ak lekòl pou timoun, ak ladan li anplwaye konpayi taksi, ak volontè kapab gen kontak dirèk epi san kontwòl ak timoun, pandan tèman travay yo a ak sèvis volontè yo.

### **RÈGLEMAN ESPAS TRAVAY SAN DWÒG**

Norwood Public Schools gen yon gwo enterè lan asire sante ak sekirite anplwaye li yo.

Lan avansman enterè sa a, Norwood Public Schools pral:

- (1) enfòmè tout anplwaye sou
  - (a) danje ki lan abi dwòg;
  - (b) disponiblite konsèy sou dwòg ak reyabilitasyon pou anplwaye;
  - (c) sanksyon ke yo ka enpoze sou anplwaye yo pou vyolasyon sou abi dwòg; epi
  - (d) règleman pou kenbe yon espas travay san dwòg
- (2) Avèti tout anplwaye ke fabrikasyon, distribisyon, bay, posesyon oswa itilizasyon ilegal yon sibstans kontwole entèdi lan espas travay la epi nenpòt vyolasyon an rapò ak sa pral resevwa aksyon pèsonèl apwopriye jis rive epi gen ladan li revokasyon lan travay la.
- (3) Avèti anplwaye yo, ke kòm kondisyon pou yo anplwaye yo dwe obeyi kondisyon ak dispozisyon règleman sa a.
- (4) Enfòmè anplwaye yo, ke kòm kondisyon pou yo anplwaye yo, yo dwe avèti Sipè Entandan Lekòl yo alekri lan senk jou ki swiv yon kondanasyon pou vyolasyon dwòg ki fèt lan espas travay la.
- (5) Apre sa, mennen yon pwogram anyèl pou konesans sou dwòg pou nouvo anplwaye yo kòm yon pati lan efò kontinyèl pou kenbe yon espas travay san dwòg. Referans legal: Drug-Free Workplace Act of 1988, 34CFR - Part 85, subpart F.

Egzekite pa Komite Norwood School la le 22 Out 1990

### **RÈGLEMAN FEMTI LEKÒL POU IJANS**

Lè sa nesesè pou fèmen lekòl akòz ijans/move tan, yo pral anonse sa lan estasyon radyo/telvizyon yo (gade seksyon Enfòmasyon Pa Gen Lekòl la pou plis enfòmasyon). Tanpri atann ou ke telefòn lekòl yo pap disponib ant lè gen ijans epi lè yo di yap lage a poutèt bezwen pou rele deyò.



Norwood Public Schools kapab rakousi jounen lekòl nòmal la poutèt sitiyou ijans, tankou pa gen chofaj, kouran, pèt presyon lan dlo oswa move tan.

Lè yo lage tout lekòl la bonè ak otorizasyon Sipè Entandan an, tout esè pral fèt pou avèti paran yo atravè ConnectEd, medya a ak lòt sous enfòmasyon piblik disponib yo. Paran yo ki lan travay oswa pa lakay yo ta dwe fè aranjman pou okipe timoun yo lè lekòl la lage. Li obligatwa pou ke nimewo telefòn kontak ijans ou yo ajou.

### **LWA DWA EDIKASYONÈL FANMI AK KONFISANSYALITE (FERPA)**

Non yo ak adrès ak lòt enfòmasyon ki gen rapò ak elèv yo kontwole pa Règleman Dosye Elèv ak Lwa Sou Dwa ak Konfidansyalite pou Edikasyon Familyal (FERPA)

Pandan ane a lekòl la ka pibliye atravè Entènèt la oswa pou piblikasyon non yon elèv, adrès li, klas li, patisipasyon li nan aktivite ak espò ki rekonèt ofisyèlman, nivo, onè, ak rekonpans, epi plan pou apre lekòl segondè san konsantman elèv ki kalifye a oswa paran yo. Yo regilyèman fè foto ak videyo Aktivite ak pèfòmans edikasyonèl yo pou bilten enfòmasyon lekòl la, jounal lokal yo, ak estasyon televizyon pa kab lokal yo. Dapre Family Educational Rights and Privacy Act (FERPA) la ou gen dwa pou enfòmasyon lekòl la nan yon tan rezonab ke ou pa vle ke yo pibliye sèten enfòmasyon san otorizasyon davans. Si ou pa swete ke yo pibliye sèten oswa tout enfòmasyon sa yo sou timoun ou an, tanpri voye yon avètisman alekri bay Direktè a.

### **HAZING (BRIMAD INISYASYON)**

Yon Lwa ki Entèdi Pratik Brimad Inisyasyon - Chapit 536

Sena ak Chanm Depite a reyini lan asanble Tribinal Jeneral, ak otorite li te adopte lwa ki apre a: Chapit 269 lan Lwa Jeneral yo amande lè yo ajoute seksyon ki apre yo:

Seksyon 17 - Kelkeswa moun ki pwensipal òganizatè oswa patisipe lan krim brimad inisyasyon (hazing) an jan li defini la a yap pini li ak yon amann pa plis pase mil dola oswa yon tan prizon lan yon mezon koreksyon pou pa plis ke san jou, oswa ak tou lede amann ak tan prizon ansanm.

Mo "*hazing*" la jan yo di li nan seksyon sa a ak lan seksyon dizwit vle di nenpòt konpòtman oswa metòd inisyasyon lan yon òganizasyon elèv, ke sa swa lan yon pwopriyete piblik oswa prive, ki volontèman oswa san pwekosyon mete an danje sante fizik oswa mantal nenpòt elèv oswa lòt moun. Konpòtman sa gen ladan li kout fwèt, kout baton, make, egzèsis fòse, ekspozisyon lan move tan, konsomasyon fòse nenpòt manje, likè, bwason, dwòg oswa lòt sibstans, oswa nenpòt lòt tretman brital ak aktivite fizik fòse ki gen posiblite gen efè negatif sou sante fizik oswa sekirite nenpòt elèv oswa lòt moun, oswa ki mete elèv sa a oswa lòt moun anba estrès mantal grav, ak ladan yo anpeche domi oswa repoze pou anpil tan oswa izolman pwolonje.

Seksyon 18 - Kelkeswa moun ki konnen ke yon lòt moun se yon viktim brimad inisyasyon jan yo di lan seksyon disèt la epi ki kote krim sa a fèt la ta dwe, ak kondisyon ke moun sa a kapab fè sa san danje oswa risk pou tèt li, rapòte krim sa a bay yon ofisye ranfòsman lalwa pi vit ke sa rezonabman kapab fèt. Kikonk pa rapòte yon krim konsa pral pini ak yon amann pou pa plis ke senk san dola.

## **LWA REFÒM EDIKASYON MASSACHUSETTS 1993**

Lwa sa a fèt pou kreyasyon yon Konsèy Lekòl nan chak lekòl elemantè, segondè, ak lekòl pwofesyonèl endepandan yo lan Commonwealth of Massachusetts lan. Objektif Konsèy sa a se pou konseye Direktè a sou diferan domèn ki soti depi bidjè rive nan pwogram edikasyon. Òganizasyon sa a diferan nèt de Konsèy PTA (Assosyasyon Paran ak Pwofesè Elèv) an. Konsèy Lekòl la gen ladan li paran yo, pwofesè yo, yon manm kominote jeneral la ak Direktè a. Yo fè eleksyon pandan otòn ane lekòl lan.

## **LWA AVÈTISMAN PARANTAL**

Dapre M.G.L, Chapit 71, § 32A, yon paran gen dwa pou egzante pitit yo pou nenpòt pòsyon lan pwogram edikasyon an ki gen rapò ak edikasyon seksyèl oswa pwoblèm seksyalite imen yo. Pou resevwa egzanpsyon sa a, yon paran dwe voye yon deman alekri bay Direktè a pou mande egzanpsyon an pou pitit li a. Okenn elèv ki egzante pou pòsyon pwogram edikasyon sa a ap penalize. Si ou ta renmen yon apèsi sou pwogram edikasyon sa a, kontakte Direktè a.

## **RÈGLEMAN KONSÈNAN DISKRIMINASYON AK PÈSEKISYON**

Pou bay opòtinite edikasyon egal pou tout elèv nou yo sou yon baz ki pa fè diskriminasyon, se règleman Norwood Public School pou li respekte konplètman Chapit 76, seksyon 5 Lwa Jeneral Massachusetts, Tit VI nan Lwa Dwa Sivil 1964 yo, Tit IX nan Amandman Edikasyon 1972 yo, Seksyon 504 nan Lwa Reyabilitasyon 1973 la, Tit II nan Lwa Ameriken ki gen Andikap 1990 la, epi avèk Règleman Pèsekisyon Seksyèl Komite Norwood Public School la.

Règleman Norwood Public School yo ki konsène Chapit 76, seksyon 5, Tit IV, Tit IX, Seksyon 504, Tit II, ak pèsekisyon seksyèl entèdi diskriminasyon pou kòz ras, koulè, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, relijyon oswa orijin nasyonal ak andikap, tankou move vizyon oswa mal pou tandè, nan domèn apre yo: admisyon nan sistèm lekòl yo; admisyon nan kou etid; opòtinite oryantasyon; opòtinite pwogram etid; aktivite andeyò kou; bous etid ak rekonpans lajan; travay; epi sèvi ak ekipman yo.

An plis de sa, yo te etabli yon pwosedi doleyans pou elèv ak anplwaye yo. Pwosedi doleyans lan kòmanse ak Direktè bilding lan kote ke diskriminasyon oswa pèsekisyon sipoze a te fèt la. Si yo pa jwen yon solisyon nan nivo bilding lan sou 20 jou apre ke yo resevwa plent lan, yap refere afè a bay Asistan Sipè-Entandan an pi vit posib, ak ladan li nenpòt enfòmasyon ki koresponn. Asistan Sipè-Entandan an pral mennen yon ankèt sou afè a epi reponn tout demann alekri sou 20 jou lekòl apre ke li resevwa plent ki pat rezoud la. Si sa apwopriye, plan pou korije nenpòt inegalite ap antre nan repons lan tou. Lan ka yon pèsekisyon seksyèl, premye pa a ap gen ladan li yon deskripsyon pèsekisyon ke moun lan sipoze fè a.

Si li pa rezoud oswa pa rezoud pou satisfè li, moun ki fè plent lan ka fè yon demand alekri bay Sipè-Entandan Lekòl yo. Sipè-Entandan an, oswa moun li deziyen an, pral fè yon ankèt tou epi eseye rezoud pwoblèm lan nan 20 jou apre ke li resevwa plent ke sa pat rezoud la. Sipè-Entandan an pral reponn demandè a alekri apre ankèt la. Yap kenbe yon dosye separe sou tout aksyon ki pran yo dapre pwosedi doleyans lan.

Komite Lekòl la pral sèvi kòm konsèy apèl final yo pou tout afè ke Sipè-Entandan an oswa moun li deziyen an, pa kapab rezoud. Aksè ak Komite Lekòl la fèt pa avètisman alekri voye bay Prezidan an pou dekri pwoblèm lan epi mande opòtinite pou egzamine afè a avèk Komite Lekòl la. Dokiman yo dwe akonpaye demand alekri a pou egzamen.

Lan ka ke gen yon plent, moun ak ajans apwopriye yo se:

**Lekòl**

Norwood High School	Hugh Galligan, Direktè	781-769-2333
Coakley Middle School	Margo Fraczek, Direktris	781-762-7880
Balch School	Diane Ferreira, Direktris	781-762-0694
Callahan School	Scarlett Grandt, Direktris	781-762-0693
Cleveland School	Kerry Hutchins, Direktè	781-762-6522
Oldham School	Steven Olsen, Direktè	781-769-2417
Prescott School	Bryan W. Riley, Direktè	781-762-6497
Willett School	Michael Baulier, Direktè	781-440-5901
Little Mustangs Preschool Academy	Michael Baulier, Direktè	781-440-5802

**Distrik**

Dr. David Thomson, Superintendent of Schools  
James R. Savage Educational Center  
275 Prospect Street  
Norwood, MA 02062  
781-762-6804 ext. 5819

Dr. Alexander Wyeth, Title I, Title VI and Title IX and Section 504 Coordinator  
Assistant Superintendent of Schools  
James R. Savage Educational Center  
275 Prospect Street  
Norwood, MA 02062  
781-762-6804 ext. 5816

Ms. Patty Borteck, Grants Manager & Coordinator  
James R. Savage Educational Center  
275 Prospect Street  
Norwood, MA 02062  
781-762-6804 ext. 5815

Paul Riccardi, ADA Coordinator  
Director of Buildings/Grounds  
James R. Savage Educational Center  
275 Prospect Street  
Norwood, MA 02062  
781-762-6804 ext. 5830

McKinney-Vento (Homeless) Coordinator  
Administrative Assistant to the Superintendent of Schools

James R. Savage Educational Center  
275 Prospect Street  
Norwood, MA 02062  
781-762-6804 ext. 5819

Anplis pwosedè an lè yo, nenpòt elèv oswa anplwaye ka rapòte doleyans dirèkteman bay ajans ki nan lis sa a:

Massachusetts Commission Against Discrimination  
One Ashburton Place  
Boston, MA 02108  
617-727-3990

Office for Civil Rights  
J.W. McCormack Post Office & Court House  
Boston, MA 02109  
617-223-9662  
<https://www2.ed.gov/about/offices/list/ocr/index.html>

Kesyon ki konsène règleman sa yo oswa demann pou tèks konplè règleman Komite Lekòl la ta dwe al jwenn Biwo Sipè Entandan Lekòl yo.

## **REKREYASYON**

Rekreyasyon se yon repo nan jounen an pou optimize devlopman sosyal, emosyonèl, fizik, epi mantal yon timoun. An reyalye, yo ta dwe konsidere rekreyasyon tankou yon tan pèsone l yon timoun, epi yo pa ta dwe refize li sa kòm pinisyon. Tout elèv elemantè, depi klas Jadendanfan rive 5yèm ane, pral patisipe lan youn oswa plizyè peryòd rekreyasyon total chak jou pou yon minimòm 20 minit, men pa mwens ke 15 minit si gen plizyè sesyon ki pwograme. Jadendanfan dwen kòmanse patisipe lan youn oswa plizyè rekreyasyon chak jou pou yon minimòm 20 minit apati 1ye Septanm 2022; Klas 1ye-5yèm ane dwe kòmanse patisipe lan youn oswa plizyè peryòd rekreyasyon chak jou pou yon minimòm 20 minit apati 1ye Septanm 2022. Rekreyasyon ka retire sèlman kòm konsekans konpòtman yon elèv lè konpòtman sa a mete an danje sante ak sekirite elèv la oswa lòt yo, epi sèlman apre ke tout lòt mwayen pou adrese pwoblèm konpòtman an fini. Yo pata dwe anpeche rekreyasyon pou tout yon klas baze sou pwoblèm konpòtman. Atant lan se ke yo pral itilize lòt entèvansyon pi efikas pou adrese konpòtman klas la. Kelkeswa lè sa posib, yo ta dwe konsidere pwograme rekreyasyon avan manje midi; rechèch yo endike ke aktivite fizik avan manje midi kapab gen benefis pou sante jeneral yon timoun.

## **ZAM**

Seksyon 37 - Seksyon 37L nan chapit 71 yo di ki nan Lwa Jeneral yo, jan li parèt lan Edisyon Ofisyèl 1990 la, avek sa a amande lè yo ajoute paragaf ki apre yo:

Anplis, nenpòt pèsone l depatman lekòl dwe rapòte alekri bay sipèvizè dirèk yo yon ensidan ki konsène yon elèv ki gen nan posesyon li oswa ap sèvi ak yon zam danjere nan lokal lekòl la yo nenpòt ki lè.

Sipèvizè yo ki resevwa yon rapò zam konsa dwe anrejistre li ak sipè entandan lekòl sa a, ki pral anrejistre de kopi rapò zam yo di a ak chèf polis lokal la, Depatman Timoun ak Fanmi, biwo sèvis elèv la oswa sak ranplase li a lan nenpòt distrik lekòl, ak komite lekòl lokal la. Sipè entandan sa a, chèf polis la, ak repwezantan Depatman Timoun ak Fanmi a (DCF), ansanm ak yon repwezantan biwo sèvis elèv la oswa sak ranplase li, dwe fè aranjman pou yon evalyasyon elèv ki enplike lan

rapò zam sa a. Elèv sa a dwe refere bay yon pwogram konsèy; a kondisyon, kanmenm, ke konsèy sa koresponn ak estanda akseptab yo jan komisyon edikasyon an te di a. Lè sesyon konsèy la fini, yon lòt swivi evalyasyon dwe fèt pou elèv sa a pa tout moun ki te fè pati premye evalyasyon an.

Yon elèv kap transfere lan yon sistèm lokal dwe bay nouvo sistèm lekòl la yon dosye lekòl konplè pou elèv kap antre a. Dosye sa yo dwe gen ladan yo, men pa sèlman, nenpòt ki ensidan ki enplike sispanasyon oswa vyolasyon pa ak kriminel oswa rapò insidan ki di ke elèv sa a te akize de nenpòt ak sispèk.

## **RESPONSABILITE POU PARAN KI PA GEN GAD POU RESEVWA DOSYE ELÈV YO**

Pou jwenn dosye elèv yo, Paran ki Pa Gen Gad dwe:

1. bay lekòl la yon demann yon sèl fwa alekri pou dosye yo.
2. Yon paran ki pa gen gad kalifye pou resevwa aksè nan dosye elèv la amwens ke:
  - a. Yo te refize paran an gad legal oswa te resevwa lòd pou vizit sipèvize, baze sou yon menas pou sekirite elèv la epi menas la espesifikman make lan lòd regadan gad oswa vizit sipèvize a, oswa
  - b. Yo te refize vizit paran an, oswa
  - c. Aksè paran an pou elèv la te entèdi pa yon lòd tanporè oswa pèmanan, amwens ke lòd pwoteksyon an (oswa nenpòt lòd ki chanje lòd pwoteksyon an) espesifikman pèmèt aksè nan enfòmasyon ki nan dosye elèv la, oswa
  - d. Gen yon lòd jij titèl ak tribinal famiyal ki entèdi distribisyon dosye elèv la yo bay paran an.
3. Depi li resevwa demann lan, lekòl la pral touswit avèti paran ki gen gad la pou demann lan pa lèt sètifye epi pa lapòs premyè klas, nan alafwa lang prensipal paran ki gen gad la epi an Angle. Avètisman an ap enfòmè paran ki gen gad la ke enfòmasyon yo mande a dapre Seksyon 34H ta dwe remèt bay paran kap mande a apre 21 jou amwens ke paran ki gen gad la bay direktè a yon dokiman lòd tribinal aplikab.
4. Yon fwa ke demann lan apwouve, tout enfòmasyon sou adrès elektwonik, lapòs, ak nimewo telefòn ki gen rapò ak swa travay oswa kay paran ki gen gad la ta dwe retire soti nan enfòmasyon kap bay yo. Dosye sayo pa kapab sèvi pou enskri yon elèv nan yon nouvo lekòl.
5. Tout dokiman sa yo ki limite oswa entèdi aksè paran nan dosye yon elèv oswa enfòmasyon ke yo te bay lekòl la oswa distrik lekòl la dwe plase nan dosye elèv la.